

**REGISTER TIYANG NGRUMPOT ING DHUSUN
NGANGKRUK, DESA PILANGREJO, KECAMATAN NGLIPAR,
KABUPATEN GUNUNGKIDUL**

SKRIPSI

Dipunajengaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Sarat Pendaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



Dening :

Dian Wulandari

NIM 14205241081

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Register Tiyang Ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul*” saged dipunuji awit sampun pikantuk pasarujukan saking pembimbing.



Yogyakarta, 11 April 2018

Pembimbing,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Endang Nurhayati', written over a vertical line that serves as a signature separator.

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum
NIP. 19571231 198303 2 004

PENGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Register Tiyang Ngrumput Wonten Ing Dusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten ing sangajenging Dewan Penguji ing tanggal 23 April 2018 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Endang Nurhayati, M.Hum	Ketua Penguji		23/01-2018
Avi Meilawati, S.Pd., M.A	Sekretaris Penguji		29/01-2018
Dr. Mulyana, M.Hum	Penguji Utama		21/05-2018

Yogyakarta, 23 Mei 2018

Fakultas Bahasa Dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum

NIP 19571231 198303 2 004

WEDHARAN

Ingkang tapak asma ing ngandhap menika, kula

Nama : **Dian Wulandari**

NIM : 14205241081

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih karya ilmiah menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, panaliten menika boten ngewarat materi ingkang kaserat dening panaliti sanes, kajawi perangan tartamtu ingkang kula pendhet dados sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan karya ilmiah ingkang limrah.

Seratan wonten ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 11 April 2018

Panyerat,



Dian Wulandari

SESANTI

“Janganlah kamu bersikap lemah, dan jangan pula kamu bersedih hati, padahal kamulah orang-orang yang paling tinggi derajatnya, jika kamu orang-orang *yang beriman.*”

(QS. Al-Imran:139)

“Yang hebat bukan anda, apapun pekerjaannya, tapi orang tua anda. Maka hadirkanlah wajah beliau dalam keseharian anda dan dalam do’a-do’a anda” (D. Zawawi Imron)

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur ingkang tanpa upami dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT, ingkang sampun paring sih nugrahanipun, saengga panyerat saged nindakaken panaliten menika kanthi boten wonten setunggal alangan punapa.

Panaliten menika panyerat pisungsungaken dhumateng tiyang sepuh kula.

Dhumateng ibu, bapak, simbah, maturuwun sanget awit katresnan, saha pandonganipun saengga kula saged angrampungaken kuliah saha panaliten menika.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayahipun saengga panyerat saged angrampungaken Tugas Akhir Skripsi (TAS) kanthi irah-irahan **“Register Tiyang Ngrumpuk ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul”**. TAS menika kaserat kangge njangkepi salah stunggaling sarat pikantuk gelar sarjana pendidikan.

Skripsi menika kawujud awit saking panyengkuyung saking sedaya pihak wiwit purwa dumugi purwaning skripsi menika. Kanthi raos bombonging manah, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng.

1. Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, ugi minangka Dosen Pembimbing ingkang sampun paring kalodhangan wekdal, ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ilmu saha panjurung kanthi wicaksana.
2. Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kangge nindakaken panaliten.
3. Dr. Purwadi S.S., M.Hum., minangka Penasehat Akademik ingkang tansah paring panjurung sadangunipun kuliah wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh, ugi ingkang sampun nggulawenthah kula sadangunipun ngangsu kawruh wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Bapak Supono, S.Sos., minangka admin Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu.
6. Kluwarga ageng Bp. Eko kaliyan Ibu Payem ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung, pandonga, ugi katresnan ingkang tanpa kendhat.
7. Kanca raket kula Maya Amelia, Zulistya Pratika, Choirul Handayani, Lathifah Hamida, Nur Hanifa, Ulfa Latifah, Ummu Muslihat, Fitriya

Indriani, saha sedaya kanca kuliah kula mliginipun kanca-kanca kula Cakramanggala, KKN A53, PLT, kula ngaturaken agunging panuwun awit sampun paring kenangan ingkang endah, paring pambiyantu ingkang tulus.

8. Bp. Sutarto saha Ibu Supiyah minangka bapak ibu kos ingkang sampun paring pambiyantunipun.
9. Sedaya narasumber ingkang sampun kersa kula wawan rembagi kangge panaliten menika.
10. Sedaya pihak ingkang boten kula sebataken sedaya, kula ngaturaken agunging panuwun sampun paring pambiyantu saengga skripsi menika saged paripurna.

Panyerat rumaos bilih skripsi menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila panyarwe saha pramayogi saking sedayanipun tansah katampi kanthi suka renaning penggalih. Ing wasana, kanthi raos andhap asor mugi-mugi skripsi menika saged murakabi dhumateng sedayanipun.

Yogyakarta, 11 April 2018
Panyerat,



Dian Wulandari

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	viii
DAFTAR ISI	ix
DAFTAR TABEL	xi
DAFTAR LAMPIRAN	xii
SARINING PANALITEN	xiii
BAB I PURWAKA	1
a. Dhasaring Panaliten.....	1
b. Undhering Perkawis.....	4
c. Watesaning perkawis	5
d. Wosing Panaliten	5
e. Ancasing Panaliten	6
f. Paedahing Panaliten	6
BAB II GEGARAN TEORI	7
a. Pangretosan Sociolinguistik	7
b. Variasi Basa	9
c. Jinis-jinis Variasi Basa.....	11
d. Register.....	18
e. Konteks.....	21
f. Wujud Register.....	24
g. Konsep lan Ciri-ciri Register	27
h. Fungsi Register	28
i. Panaliten Ingkang Jumbuh	30

j. Nalaring Pamikir	31
BAB III METODE PANALITEN.....	33
a. Desain Panaliten	33
b. Data Saha Sumber Data Panaliten.....	33
c. Cara Ngempalaken Data	34
d. Pirantining Panaliten	35
e. Teknik Analisis Data	36
f. Validitas Reliabilitas Data.....	37
BAB IV ASILING PANALITEN.....	39
a. Asiling Panaliten	39
b. Pirembagan	63
BAB V PANUTUP	131
a. Dudutan.....	131
b. Implikasi	132
c. Pramayogi.....	132
KAPUSTAKAN	134
LAMPIRAN	136

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1: Tabel Asiling Panaliten	41
Tabel 2: Tabel Analisis Data	136

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran 1: Tabel Analisis Data.....	136
Lampiran 2: Gambar Register Tiyang Ngrumput.....	162
Lampiran 3: Transkrip Swanten Wawan Rembag Narasumber Tiyang Ngrumput.....	176
Lampiran 4: Surat Pernyataan.....	188
Lampiran 5: Surat Ijin Penelitian.....	192

**REGISTER TIYANG NGRUMPUT ING DHUSUN NGANGKRUK, DESA
PILANGREJO, KECAMATAN NGLIPAR, KABUPATEN
GUNUNGKIDUL**

dening

**Dian Wulandari
14205241081**

Sarining Panaliten

Panaliten menika kalebet panaliten deskr iptif. Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken (1) r egister ingkang dipunginakaken dening tiyang ngrumput (2) wujud r egister ingkang dipunginakaken dening tiyang ngrumput (3) fungsi register ingkang dipunginakaken dening tiyang ngrumput. Panaliten menika migunakaken cara observasi, nyemak, wawan rembag, saha dokumentasi kangge ngempalaken data. Data ingkang dipunginakaken inggih menika saking asling observasi, asiling nyemak, asiling wawan rembag, saha dokumentasi. Analisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis deskriptif. Uji validitas wonten panaliten menika migunakaken trianggulasi sumber , dene uji reliabilitas migunakaken trianggulasi teori. Asiling panaliten wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk wonten 38 register. Saking 38 data register kasebat lajeng dipunpantha-pandtha adhedhasar jinisipun inggih menika piranti ngrumput, kahanan piranti ngrumput, cara nglandhepaken piranti ngrumput, caranipun ngrumput, jinising rumput, caranipun nata rumput, papan ngrumput, kahanan papan ngrumput, kathahipun rumput, caranipun mbekta rumput, caranipun nyukakaken pakan dhateng sapi kaliyan menda, sisaning pakan sapi kaliyan menda. Saking menika saged dipunpendhet dudutan bilih tiyang ngrumput migunakaken tembung-tembung mligi, tembung-tembung mligi kasebat gadhah makna piyambak, tembung-tembung mligi kasebat ugi gadhah fungsi piyambak.

Pamijining tembung: **register, tiyang ngrumput.**

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Dhusun Ngangkruk menika salah satunggaling tlatah ingkang wonten ing Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul. Padamelan ingkang pokok wonten ing Dhusun Ngangkruk inggih menika olah tetanen, amargi saben kulawarga gadhah sabin saha tegal piyambak-piyambak. Menawi wonten ingkang nyambut damel dados guru utawi perangkat desa, tetep kemawon nindakaken olah tetanen. Anggenipun nindakaken olah tetanen, wonten ing kalih mangsa inggih menika rendheng kaliyan ketiga. Menawi ing mangsa rendheng masarakat ing Dhusun Ngangkruk nanem pantun, kacang-kacangan, jagung, banggal, lsp. Mangsa ketiga masarakat Dhusun Ngangkruk olah tetanenipun inggih menika nggaplek saking banggal ingkang dipuntanem ing mangsa rendheng.

Kajawi tetanen, masarakat ing dhusun Ngangkruk ugi miyara raja kaya kados lembu kaliyan menda. Lembu kaliyan menda ingkang dipunpiyara menika kangge celengan dening masarakat, mbok bilih wonten kabetahan ingkang dumadakan saha mbetahaken wragad, lembu utawi menda saged dipunsade. Anggenipun miyara raja kaya pakanipun taksih pados piyambak dereng mundhut kados wonten ing kitha. Padamelan pados pakan raja kaya menika dening masarakat dhusun Ngangkruk dipunsebat ngrumput. Anggenipun nindakaken ngrumput asring-asringipun wonten ing wayah enjing, siyang kaliyan sonten awit saking menika, ngrumput dados sampun padamelan ingkang pokok.

Tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, rikala nindakaken ngrumput migunakaken tembung-tembung ingkang mligi kangge pawicantenan. Tembung

mligi ingkang dipunginakaken dening tiyang ngrumput menika, tembung-tembung ingkang gayut kaliyan padamelan ngrumput. Tuladha tembung mligi ingkang dipunginakaken wonten ing padamelan tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk inggih menika kolek, ngolek, dijuju, lsp.

Pawicantenan ingkang ngewrat tembung-tembung mligi wonten ing padamelan tiyang ngrumput, ugi gadhah fungsi kangge ngandharaken ancasing pawicantenan. Tembung-tembung mligi kasebat, dipunginakaken wonten ing sedaya pawicantenan ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput, sarta gadhah makna piyambak-piyambak.

Ngolek wonten ing padamelan tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, tegesipun nglandhepaken arit utawi cengkong ngginakaken wungkal ingkang sampun alit, ingkang dipunsebat kolek. Dijuju tegesipun nglebetaken rumput wonten ing kranjang ngginakaken arit, inggih menika kanthi cara rumput dipuntekuk ngginakaken arit lajeng dipunlebetaken. Saking tuladha tembung-tembung ingkang mligi kasebat, boten saben tiyang mangretos tegesipun, utaminipun ingkang boten nyambut damel ngrumput utawi tiyang saking dhaerah sanes. Boten mangretosipun tembung-tembung mligi ingkang wonten ing padamelan ngrumput ing dhusun Ngangkruk menika, dados dhasar anggenipun naliti panaliten menika.

Tembung-tembung mligi ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput dipunsebat varisasi basa mliginipun register. Variasi basa utawi ragam basa mungguh bakuning bab ingkang dipunrembag wonten ing Sociolinguistik (Chaer&Leonie, 1995:80). Variasi basa dados bab pokok ingkang dipunrembag

wonten ing sosiolinguistik, amargi pokok pirembaran sosiolinguistik inggih menika wontenipun gegayutan ing antawisipun wujud-wujuding basa tartamtu, utawi ingkang dipunsebat variasi, ragam utawi dialek kaliyan panganggenipun kangge ngandharaken fungsi tartamtu wonten ing masarakat (Chaer&Leoni, 2010:39)

Variasi basa adhedhasar ginanipun dipunsebat register Nababan (lumantar Chaer&Leonie, 2004:68). Register adhedhasar ginanipun gayut kaliyan basa dipunginakaken kangge menapa utawi padamelan menapa. Register menika dipunginakaken dening kelompok masarakat ingkang bidang padamelanipun sami, saking menika saben padamelan gadhah tembung mligi ingkang boten wonten ing padamelan sanesipun.

Tembung mligi kados ngolek, kolek, dijuju ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput, gadhah makna piyambak. Pramila, tembung mligi ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput badhe dipunkaji mawi register. Panaliten register inggih menika panaliten basa ingkang ngrembag tembung-tembung mligi utawi khas ing prakawis tartamtu. Panaliten menika badhe ngrembag prakawis tembung saha wujud tembung mligi (register) kaliyan fungsi saben-saben tembung mligi ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput.

Salah satunggaling variasi basa ingkang awujud register, inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ngrumput wonten ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul ingkang badhe kataliti. Panaliten register menika dados pangajab supados tembung-tembung

mligi ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput, boten ical awit saking owah gingsiring jaman.

Pangajab kalawau badhe kajangka kanthi cara damel dokumenta si tembung-tembung mligi ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput. Dokumenta si tembung-tembung mligi saking asiling panaliten katindakaken mawi cathetan lapangan saha kertu data, kabantu piranti rekam gambar ugi piranti rekam swanten.

Panaliten r egister tiyang ngrumput, dipuntindakaken wonten ing Dhusun Ngangkruk, amargi saking andharanipun bapak kepala dhusun Bp. Suroto, Dhusun Ngangkruk menika wonten 151 KK. Saking 151 KK kalawau sedayanipun gadhah lembu kaliyan menda, pramila padamelan ngrumput menika sampun dados padamelan ingkang pokok ing Dhusun Ngangkruk. Pramila, panaliten menika dipuntindakaken wonten ing Dhusun Ngangkruk kanthi irah-**irahan** “Register Tiyang Ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, **Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul**”.

B. Undhering Prakawis

Adhedhasar saking dhasaring panaliten ing nginggil, pramila wonten mapinten-pinten prakawis ingkang saged dipundadosaken undhering prakawis. Undhering prakawis saking dhasaring panaliten ing nginggil, inggih menika:

1. Register ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput.
2. Wujud register wonten ing padamelan tiyang ngrumput.
3. Titikan register wonten ing padamelan tiyang ngrumput.

4. Fungsi register wonten ing padamelan tiyang ngrumput.
5. Faktor ingkang andadosaken register dipunginakaken wonten ing padamelan tiyang ngrumput.

C. Watesaning Prakawis

Wonten ing panaliten menika boten ngandharaken sedaya prakawis ingkang wonten ing undhering prakawis, ananging panaliten menika dipunwatesi.

Watesaning prakawis wonten ing panaliten inggih menika:

- a. Register ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput.
- b. Wujud register wonten ing padamelan tiyang ngrumput.
- c. Fungsi register wonten ing padamelan tiyang ngrumput.

D. Wosing Prakawis

Gayut kalia watesaning prakawis wonten ing nginggil, saged dipunpendhet wosing prakawis. Wosing prakawis wonten ing panaliten inggih menika.

- a. Menapa kemawon register ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput?
- b. Menapa kemawon wujudipun register wonten ing padamelan tiyang ngrumput?
- c. Menapa kemawon fungsipun register wonten ing padamelan tiyang ngrumput?

E. Ancasing Panaliten

Jumbuh kaliyan prakawis ingkang karembag, pramila saged dipunpendhet ancasing panaliten. Ancasing panaliten wonten ing panaliten menika kados mekaten.

- a. Ngandharaken r egister ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumput.
- b. Ngandharaken wujudipun r egister wonten ing padamelan tiyang pados rumput.
- c. Ngandharaken fungsipun r egister wonten ing padamelan tiyang ngrumput.

F. Paedahing Panaliten

Paedah ingkang wonten ing panaliten menika kangge bahan acuan saha pedoman dhumateng para pamaos saha panaliten ing salajengipun ingkang badhe ngaji bab r egister. Dene wonten ing ranah pendidikan, saged kangge sumber pranatan materi ajar bab kawruh basa.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Pangretosan Sociolinguistik

Sociolinguistik inggih menika salah satunggaling cabang ngelmu linguistik ingkang ngrembag basa, kados pundi basa dipunginakaken wonten ing masarakat (Chaer&Agustina,1995:3). Basa ingkang dipunginakaken wonten ing masarakat tegesipun basa-basa ingkang dipunginakaken wonten ing sedaya kagiyatan saben dintenipun pramila, saking kathahipun kagiyatan saged andadosaken wontenipun variasi basa. Pangretosan sociolinguistik ingkang dipunandharaken dening Chaer&Agustina menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Nababan (wonten ing PELLBA 2), ingkang ngandharaken bilih kados pundi basa wonten ing masarakat kaliyan ginanipun basa kasebat wonten ing masarakat.

Miturut Aslinda (2007:6), sociolinguistik inggih menika ngelmu ingkang madeg saking kalih ngelmu inggih menika sosiologi kaliyan linguistik. Ngelmu ingkang ngrembag bab manungsa saha pakempalanipun, ugi ingkang ngrembag proses sosial wonten ing masarakat dipunsebat sosiologi. Sosiologi inggih menika ngelmu ingkang ngrembag proses sosial wonten ing masarakat, kados pundi caranipun manungsa nata solah bawa anggenipun bebrayan ing masarakat, kados pundi anggenipun sesrawungan wonten ing masarakat. Dene linguistik inggih menika ngelmu basa ingkang andadosaken basa dados objek kajinipun (Asilinda, 2007:6).

Saking andharan kalawau pramila saged dipunpendhet dudutan bab sosiologi kaliyan linguistik. Sosiologi inggih menika ngelmu ingkang ngrembag sedaya

prakawis ingkang gayut kaliyan proses sosial wonten masarakat, saha masarakat ingkang dados objek kaji-nipun. Dene linguistik inggih menika ngelmu basa ingkang ngrembag bab basa saha basa piyambak dados objek kaji-nipun. Sampun kaandharaken bab sosiologi kaliyan linguistik, menika supados pirembagan bab sosiolinguistik langkung gampil dipunsinau.

Nababan (1984:2) ngandharaken bilih sosiolinguistik ugi kawujud saking kalih ngelmu inggih menika sosio kaliyan linguistik. Linguistik inggih menika ngelmu ingkang ngrembag bab basa, mliginipun unsur-unsur basa saha gegayutaning unsur basa kasebat. Tegesipun linguistik ngrembag mliginipun unsur-unsur basa inggih menika wonten ing wujud basa kaliyan makna basa. Wujud basa kados wacana, paragraf, kalimat, frasa, lsp, dene makna basa tegesipun isi ingkang wonten ing wujud basa kasebat. Lajeng ngelmu ingkang ngrembag bab pasrawungan ing bebrayaning ngagesang dipunsebat sosio.

Basa, menika piranti kangge gineman saben manungsa. Wiyosing ngelmu sosiolinguistik awit saking basa dipunginakaken kangge piranting pasrawungan (Pateda, 2015:15). Tegesipun, saben kagiyatan utawi pasrawungan ing masarakat mbetahaken basa kangge piranti pasarawungan. Saking menika nuwuhaken prakawis-prakawis gayut kaliyan basa ingkang dipunginakaken wonten ing masarakat, pramila sosiolinguistik inggih menika ilmu ingkang ngrembag basa ingkang dipunginakaken ing masarakat.

Suwito (1982:2) sosiolinguistik inggih menika ngelmu ingkang ngandharaken bilih basa dados sistem sosial saha sistem komunikasi, ugi basa menika salah satunggaling bab ingkang wonten ing masarakat saha kabudayan. Basa dados

sistem sosial saha sistem komunikasi awit saking saben tiyang wonten ing masarakat gadhah kelompok sosial utawi boten individual. Pramila, basa saha panganggening basa boten dipuntaliti kanthi individual ananging dipungayutaken kaliyan kagiyatan wonten ing masarakat (Suwito, 1982:2)

Saking mapinten-pinten pangretosan sosiolinguistik ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan pangretosan sosiolinguistik ingkang umum. Sosiolinguistik inggih menika salah satunggaling ilmu basa ingkang ngrembag bab basa ingkang dipunginakaken wonten ing masarakat jumbuh kaliyan proses sosial-ipun.

B. Variasi Basa

Variasi basa inggih menika mawarni-warnining basa ingkang gadhah pola piyambak-piyambak jumbuh kaliyan pola umum induk basanipun Poedjosoedarmo (lumantar Suwito,1982:20). Miturut Wardhaugh (lumantar Listyorini, 2002:3), variasi basa inggih menika swanten, tembung, saha titikan gramatikal ingkang saged dipungayutaken kaliyan faktor eksternal kayata daerah geografi saha faktor sosial.

Variasi basa dados bab pokok ingkang dipunrembag wonten ing studi sosiolinguistik, amargi variasi basa menika gadhah titikan saha fungsi gayut kaliyan kagiyatan ingkang wonten ing masarakat. Pramila, Kridhalaksana lumantar Chaer & Leoni (1995:80) ngandharaken bilih sosiolinguistik inggih menika cabang ilmu linguistik ingkang ngandharaken titikan variasi basa saha

netepaken gegayutaning titikan va r ia si basa kasebat kaliyan titikan sosial ing masarakat.

Wontenipun va r ia si basa amargi dipunsababaken dening penutur basa piyambak. Penutur basa ingkang kabudayan, kelas sosial, saha basa ingkang beda lajeng dados setunggal kelompok masarakat utawi ingkang dipunsebat masarakat heterogen, menika salah satunggaling sabab wontenipun variasi basa. Kados ingkang wonten ing kitha Ngayogyakarta menika, masarakatipun boten namung saking Ngayogyakarta ananging kathah ugi ingkang saking dhaerah sanes kados, Jawa Timur, Sumatra, Bali,lsp, saking menika saged nuwuhaken mawarni-warnining basa.

Variasi basa boten namung dipunsababaken saking masarakat ingkang heterogen, ananging ugi saking kagiyatan bebrayan ingkang wonten in masarakat menika maneka warni jinisipun. Umpaminipun, wonten ing kagiyatan sesadean menika gadhah tembung-tembung piyambak, kados kulak, ngenyang,lsp. Bab variasi utawi ragam basa menika wonten kalih pamanggih, kados ingkang dipunandharaken Chaer & Leoni (1995:81) inggih menika ingkang sepisan, variasi basa saged dipuntingali awit saking wontenipun kagiyatan bebrayan ingkang maneka warni jinisipun saha saking maneka warna fungsi basanipun. Kalih, inggih menika variasi basa sampun wonten kangge njangkepi fungsipun inggih menika kangge piranti pasrawungan wonten ing masarakat.

Saking andharan ing nginggil, pramila variasi basa saged dipunpilih adhedhasar wontenipun keragaman sosial saha fungsi kagiyatan wonten ing masarakat sosial (Chaer & Leoni, 1995:81). Variasi basa ugi saged

dipunbedakaken adhedhasar saking penutur saha panganggenipun. Saking penutur tegesipun, basa menika dipunginakaken dening sinten, wonten pundi, kados pundi kedhudhukan sosialipun, menapa jinis kela min-ipun, saha kapan basa kalawau dipunginakaken. Adhedhasar panganggenipun, basa menika dipunginakaken kangge menapa, bidang menapa, saha for ma l menapa boten.

C. Jinis-Jinis Variasi Basa

Variasi basa wonten kathah jinisipun jumbuh kaliyan variasi basa adhedhasar penutur saha variasi basa adhedhasar panganggenipun. Variasi basa menika saged dipuntingali saking variasi basa adhedhasar penutur, variasi basa adhedhasar panganggenipun, variasi basa basa adhedhasar keformalan, saha variasi basa adhedhasar srananipun. Wonten ing ngandhap menika badhe dipunrembag sedaya variasi basa ingkang sampun kasebataken miturut (Chaer&Leoni,1995:82-95) inggih menika:

a. Variasi Basa Adhedhasar Penutur

Variasi basa adheadhasar penutur wonten sekawan inggih menika Idiolek, Dialek, Kronolek, saha Sosiolek. Variasi basa ingkang sepisan ingkang saged dipuntingali adhedhasar penutur inggih menika Idiolek. Idiolek inggih menika variasi basa ingkang asifat perseorangan. Saben tiyang gadhah variasi basa utawi idiolekipun piyambak-piyambak, menika saged dipuntingali saking titikanipun inggih menika saking warni swantenipun, pamilihing tembung, susunaning ukara, lsp. Saking mapinten-pinten titikan kalawau, ingkang langkung saged nedahaken idiolek saben tiyang inggih menika warni swanten (Chaer&Leoni, 1995:82)

Warna swanten saged nedahaken idiolek saben tiyang amargi bilih kita gadhah kanca ingkang sampun raket, utawi saben dintenipun asring kepanggih namung mirengaken swantenipun boten ningali sinten ingkang gineman sampun saged mangretosi ingkang gineman. Menawi saben tiyang menika gadhah idiolek, pramila idiolek-ipun ugi kathah sakathahipun tiyang kalawau. Kados ingkang dipunandharaken Chaer&Leoni (1995:82) ingkang ngandharaken bilih umpaminipun wonten tiyang 1000 penutur, pramila ugi wonten 1000 idiolek kanthi titikanipun piyambak-piyambak senadyan titikan menika alit sanget utawi boten kathah ananging taksih saged nedahaken idiolek-ipun.

Variasi basa adhedhasar penutur ingkang salajengipun inggih menika Dialek. Dialek inggih menika variasi basa saking satunggal kelompok masarakat tutur ingkang wonten ing salah satunggaling panggenan utawi tlatah tartamtu. Masarakat tutur ingkang gadhah setunggal dialek, sanadyan saben anggota masarakatipun gadhah idiolek piyambak-piyambak, namung dialek kasebat gadhah titikan dialek piyambak ingkang beda kaliyan penutur dialek sanes. Tuladhanipun, bahasa Jawa dialek Gunungkidul gadhah titikan piyambak,

umpaminipun ing Gunungkidul wonten tembung “thik”, wonten dialek Bantul gadhah tembung “je”, kados wonten ing ukara:

Galuh: “Ratri, lha thik kowe mau ora mangkat kuliah Filologi ngapa?”

Ratri: “Aku mau esuk ki ngeterke mbakku ning terminal arep bali nyang

Jakarta je, dadi ora isa melu kuliah Filologi”

Tembung “thik” ingkang dipunginakaken dening Galuh, menika saged nedahaken salah satunggaling dialek, inggih menika dialek Gunungkidul. Amargi

tiyang Gunungkidul menawi pawicantenan asring ngginakaken tembung “thik” kangge negesaken salah satunggaling bab, kados pawicantenanipun Galuh ingkang nyuwun pirsa dhateng Ratri kenging menapa boten mlebet kuliah Filologi **kanthi ngginakaken tembung “thik”**. Semanten ugi Ratri anggenipun paring jawaban kenging menapa piyambakipun boten mlebet kuliah Filologi kanthi **ngginakaken tembung “je” kangge negesaken bilih piyambakipun nderekaken** mbakipun dhateng terminal, pramila boten saged nderek kuliah Filologi.

Saking dia lek Gunungkidul kaliyan dia lek Bantul menawi pawicantenan taksih sami mangretos menapa maknanipun, amargi dia lek Gunungkidul kaliyan dialek Bantul taksih setunggal basa inggih menika basa Jawi. Dialek-dialek menika wonten ing ilmu linguistik dipunrembag ngginakaken dialektologi. Dialektologi anggenipun ngandharaken bab dialek-dialek kanthi cara damel peta watesaning dialek saking satunggal basa, kanthi cara mbandingaken wujud saha makna kosakata ingkang dipunginakaken wonten ing dialek-dialek kasebat.

Variasi basa ingkang kaping tiga inggih menika Kronolek. Kronolek inggih menika variasi basa ingkang dipunginakaken dening kelompok sosial wonten ing jaman tartamtu. Umpaminipun, basa Jawi ingkang dipunginakaken ing jaman Majapahit, jaman Mataram, dumugi jaman samenika. Variasi basa saking jaman Majapahit, jaman Mataram, saha jaman samenika mesthi kemawon beda, bedanipun wiwit saking pocapan, ejaan, morfologi menapa sintaksis.

Variasi basa adhedhasar penutur ingkang kaping sekawan inggih menika Sosiolek. Sosiolek inggih menika variasi basa ingkang jumbuh kaliyan status, golongan, saha kelas sosial penuturipun. Variasi basa menika gayut kaliyan

pribadi penuturipun, kados umur, pendidikan, padamelan, sosial ekonomi, lsp. Adhedhasar umur, saged dipuntingali bedanipun basa ingkang dipunginakaken anak-anak kaliyan tiyang ingkang sampun diwasa. Bedanipun boten saking isi pawicantenipun, ananging saking wujud tembungipun, susunan ukaranipun, ugi kosakatanipun.

b. Variasi Basa Adhedhasar Keformalan

Variasi basa adhedhasar keformalan, dening Martin Joos lumantar Chaer & Leoni (1995:92-94) merang variasi basa dados 5 jinis gaya inggih menika, ragam beku (frozen), ragam resmi (formal), ragam usaha (konsultatif), ragam santai (casual), ragam akrab (intimate). Wonten ing ngandhap menika badhe kerembag sedaya ragam kasebat inggih menika:

2.a. Ragam Beku

Ragam beku inggih menika variasi basa ingkang formal, ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang khusuk, saha wonten ing upacara-upacara resmi, kados upacara kenegaraan, khotbah, undang-undnag, akte notaris, saha serat keputusan. Dipunsebat ragam beku amargi pola utawi kaidahipun sampun dipuntetepaken boten saged dipunubah, tuladhanipun kados ingkang wonten ing pembukaan Undang-Undang Dasar 1945 (Bahwa sesungguhnya kemerdekaan itu ialah hak segala bangsa, dan oleh sebab itu, maka penjajahan di atas dunia harus dihapuskan karena tidak sesuai dengan perikemanusiaan dan perikeadilan). Susunaning ukara ing ragam beku ugi asifat kaku, tembung-tembungipun jangkep.

2.b. Ragam Resmi

Ragam resmi inggih menika variasi basa ingkang dipunginakaken wonten ing pidato kenegaraan, buku-buku pasinaon, lsp. Pola saha kaidah ragam resmi sampun katetepaken dados salah satunggaling standar. Tuladhanipun, pawicantenan ing antawisipun mahasiswa kaliyan dosen menika ngginakaken basa ingkang resmi.

2.c. Ragam Usaha

Ragam usaha inggih menika variasi basa ingkang asring dipunginakaken ing lingkungan sekolah, saha rapat-rapat utawi dipunginakaken ing pawicantenan ingkang ancasipun kangge kasil utawi produksi. Wujudipun ragam usaha menika wonten ing antawisipun ragam formal kaliyan ragam santai.

2.d. Ragam Santai

Ragam santai inggih menika variasi basa ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang boten resmi kangge pawicantenan ing kluwarga, pawicantenan kanca raket rikala istirahat , olahraga, piknik, lsp. Ragam santai menika kathah ngginakaken wujud alegro, inggih menika wujud ujaran utawi tembung ingkang dipuncakakaken.

2.e. Ragam Akrab

Ragam akrab inggih manika variasi basa ingkang asring dipunginakaken dening penutur ingkang srawungipun sampun raket, kados anggota kulawarga, kaliyan kanca. Ragam akrab menika titikanipun inggih menika panganggening basa ingkang boten jangkep, cekak-cekak, saha pocapan ingkang boten cetha,

menika margi sampun sami mangretos menapa ingkang dipunkejengaken ing antawisipun penutur kaliyan mitra tutur.

Saking 3 ragam ing nginggil ingih menika ragam usaha, ragam santai, saha ragam akrab, wonten ing ngandhap menika tuladhanipun:

- a) Panjenengan badhe nitih kendaraan menapa kemawon kula sumanggakaken.
- b) Arep numpak apa wae sakarepmu.
- c) Sakarepmu numpak apa.

Tingkat formalipun ukara (a) langkung inggil tinimbang ukara (b); saha ukara (b) langkung inggil tinimbang ukara (c). Ukara (a) kalebet ragam usaha, amargi isinipun ukara menika kangge paring pilihan dhateng tiyang sanes, kendaraan menapa ingkang badhe dipunginakaken. Ukara (b) kalebet ragam santai, dene ukara (c) kalebet ragam akrab, amargi namung kaliyan kanca ingkang sampun raket ukara ingkang kados mekaten dipunginakaken.

c. Variasi Basa Adhedhasar Srana

Variasi basa ugi saged dipuntingali saking srana utawi jalur ingkang dipunginakaken. Wonten ing bab menika saged dipunsebat wontenipun ragam lisan saha ragam tulis, utawi ragam ingkang ngginakaken srana utawi piranti tartamtu umpaminipun pawicantenan ngginakaken telepon saha telegraf. Wontenipun ragam lisan kaliyan ragam tulis menika adhedhasar saking wujud struktur ingkang beda. Ragam basa tulis kaliyan ragam basa lisan menika beda, ingkang bedakaken inggih menika wonten ing basa tulis anggenipun damel ukara kedah cetha supados ingkang maos menika mangretos tegesipun, dene ragam basa lisan kabantu unsur-unsur nonlinguistik kados nada swanten, gerakipun asta, gerakipun mustaka, lsp.

Tuladhanipun r a g a m tulis inggih menika kados ukara ingkang kaserat mawi Whatsapp, **“Novi, nyuwun tulung, mengko nek Maya menyang kosan arep jipuk buku, tulung jipukna ning kamarku ya. Buku warna ijo judhule Agama Jawa ning rak buku kamarku sisih kiwa dhewe. Maturnuwun”**. Ukara ingkang ngginakaken sarana Whatsapp menika dipunserat kanthi cetha, wiwit warnanipun, irah-irahanipun, saha panggenanipun. Ukara menika beda menawi dados ragam lisan amargi ing ragam **lisan kabantu gerakipun badan, kados “Tulung jipukna buku ijo kae!” sinambi matur, astanipun saged kaliyan nunjuk ugi paningalipun saged** kaarahaken buku ingkang dipunkajengaken.

d. Variasi Basa Adhedhasar Panganggenipun

Variasi basa ingkang pungkasan inggih menika variasi basa adhedhasar panganggenipun. Miturut Nababan (lumantar Chaer & Leoni 1995:89-90) ingkang ngandharaken variasi basa adhedhasar panganggenipun utawi fungsipun dipunsebat fungsiolek, ragam, utawi register. Variasi basa menika biasanipun dipunrembag adhedhasar bidang panganggenipun, tingkat keformasaha, saha sarana panganggenipun.

Variasi basa adhedhasar panganggenipun menika gayut kaliyan basa dipunginakaken kangge menapa utawi bidang menapa. Umapaminipun, bidang tani, dagang, pendidikan, lsp. Saben bidang padamelan mesthi kemawon gadhah tembung khusus ingkang dipunginakaken saha boten wonten ing bidang sanes. Tembung mligi saben bidang menika dados titikan ingkang utami. Miturut Suwito (1982:20), variasi basa ingkang tuwuh saking sifat-sifat khas kebetahan panganggenipun dipunsebat register.

D. Register

Variasi basa mliginipun register sambet kaliyan basa dipunginakaken kangge kabetahan menapa utawi bidang menapa. Register menika gambaraning ragam basa ingkang beda-beda jumbuh kaliyan formal botenipun kahanan, profesi, saha sarana basa. Variasi basa dipunginakaken kangge bidang tartamtu ingkang langkung ketingal cirinipun inggih menika wonten ing perangan kosa kata utawi tembung. Saben kagiyatan mesthi kemawon gadhah tembung-tembung mligi ingkang boten wonten ing kagiyatan sanes. Tembung mligi kasebat sambet kaliyan fungsi wonten ing kabetahan saha bidang tartamtu. Variasi basa adhedhasar fungsi kasebat ingkang dipunwastani register.

Register miturut Adisumarto (lumantar Murtono 1984:2) inggih menika variasi basa adhedhasar panganggenipun. Tegesipun, register menika basa ingkang dipunginakaken wonten ing wekdal tartamtu saha dipuntemtokaken kaliyan konteks situasi kados, menapa ingkang dipuntindakaken, kalih sinten saha ngginakaken sarana menapa. Wonten ing pamanggih sanesipun, register inggih menika tembung-tembung ingkang sambet kaliyan bidang padamelan utawi kelompok sosial Wardhaugh (lumantar Listyorini, 2002:3),.

Anggota kelompok sosial ingkang gadhah ancas supados basa ingkang dipunginakaken menika cepat, tepat, saha efisien, pramila kelompok kasebat lajeng damel tembung-tembung utawi ungkapan ingkang mligi. Tembung-tembung utawi ungkapan ingkang mligi dipundamel amargi ing antawisipun anggota kelompok sampun sami mangertos maknanipun, menika awit saking kawruh saha pengalamanipun sami. Awit saking interaksi ingkang kados

mekaten, pramila saged nedahaken wujudipun tuturan, saking wujud tuturan kalawau saged nedahaken identitas kelompok saha saged nggambaraken kahanan ingkang dipuntindakaken dening kelompok kasebat.

Variasi basa ingkang dipunsababaken awit saking sifat-sifat khas kebetahan panganggenipun dipunsebat register. Tuladhanipun kados basa khotbah, basa pidato, **basa do" a, basa lawak, lsp (Suwito, 1982:20). Miturut Aslinda (2007:19)** register gayut kaliyan basa dipunginakaken kangge kagiyatan menapa. Ragam basa adhedhasar ing panganggenipun basa dipunwastani register (Alwasilah, 1993:53). Tegesipun, sedaya basa ingkang dipunginakaken kangge kabetahan tartamtu menika dipunsebat ragam utawi register.

Register miturut Rochayah&Djamil (1995:67) inggih menika ragam basa miturut panganggenipun, tegesipun register menika kangge nedahaken kagiyatan menapa ingkang nembe dipuntindakaken. Jumbuh kaliyan pamanggihipun M.A.K. Halliday & Hasan (1994:56) ingkang ngandharaken bilih register inggih menika basa ingkang dipunginakaken miturut menapa ingkang nembe dipuntindakaken saha sifat kagiyatanipun kados pundi. Pramila, tiyang gesang boten namung ngginakaken setunggal register, amargi register nedahaken proses sosial ingkang maneka warni saking kagiyatan sosial ingkang dipuntindakaken saben tiyang.

Register dening Pateda (2015:65) kaperang dados:

1. Otorical: register ingkang dipunginakaken dening penutur ingkang **profesional, kados guru. Tuladhanipun kados wonten ing ukara "Bapak ibu guru ingkang kawula urmati, sepisan malih sumangga program literasi**

menika kita rembakaken supados para siswa gadhah wawasan ingkang wiyar **awit saking remen anggenipun maos buku**". **Saking ukara ing nginggil** wonten tembung ingkang dipunserat kandel, tembung ingkang kaserat kandel kasebat ingkang dados tuladha register. Sampun cetha bilih boten sedaya bidang menika ngginakaken tembung literasi, amargi tembung literasi menika namung dipunginakaken wonten ing ranah pendidikan kemawon.

2. Deliberative: register kangge para pamiyarsa kangge miyaraken pawicantenan ingkang dipunsengaja.
3. Consultative: register ingkang wonten ing bidang dagang, tegesipun wonten pawicantenan ing proses dagang kangge pasarujukan ing antawisipun ingkang nyade kaliyan ingkang tumbas. Tuladhanipun kados wonten ing **ukara "wis ngene wae ya, klambi iki pase selawe ewu, kulakku regane patlikur ewu, wis bathiku mung sewu kepiye?"** Tembung ingkang kaserat kandel menika tuladha register consultative amargi tembung kulak kaliyan bathi namung wonten ing sesadenan.
4. Casual: register ingkang dipunginakaken penutur kaliyan mitra tutur supados pawicantenanipun santai.
5. Intimate: register ingkang dipunginakaken wonten ing suasana kekeluargaan. **Tuladhanipun kados wonten ing ukara "mbah uti kaliyan eyang kung sampun dhahar?"** **Mbah uti kaliyan eyang kung menika kalebet register intimate**, amargi sesebutan mbah uti kaliyan eyang kung menika gumantung kulawarganipun badhe manggih ngginakaken sesebutan menapa kados mbah

putri, mbah kakung, wonten ingkang namung simbah, wonten ingkang manggih simbok, pak tua, mbok tua, lsp.

Register biasanipun sambet kaliyan dialek amargi variasi basa menika wonten kalih inggih menika adhedhasar panganggening basa ingkang dipunsebat dialek, saha panganggening basa ingkang dipunsebat register Halliday (wonten ing Chaer saha Leonie, 1995:81). Miturut Chaer saha Agustina, 1995:91, dialek gayut kaliyan basa ingkang dipunginakaken dening sinten, wonten pundi, saha kapan, dene register inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge menapa.

Saking mapinten-pinten pangretosan register ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan pangretosan register ingkang umum. Register inggih menika variasi basa adhedhasar fungsi panganggenipun jumbuh kaliyan padamelan utawi kelompok sosial ingkang dipungayutaken kaliyan konteks, menapa ingkang dipuntindakaken, kaliyan sinten, saha srana ingkang dipunginakaken.

E. Konteks

Konteks inggih menika papan panggenan wontenipun teks tegesipun, konteks menika istilah ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken sedaya kahanan, boten namung lingkungan tutur (verbal) ananging ugi kahanan papan teks dipuntuturaken Malinowski (lumantar Halliday&Hasan, 1992). Konteks menika saged kagambaraken adhedhasar basa ingkang dipunginakaken wonten ing padamelan ingkang nembe katindakaken utawi langsung, ingkang maknanipun

boten saged dipunmangretosi menawi boten mangretos kahanan menapa ingkang nembe kalaksanan.

Pamanggih sanesipun inggih menika miturut Saragih (lumantar Rosmawaty **2011:78**) **ingkang ngandharaken bilih**, “Konteks adalah aspek-aspek internal teks dan segala sesuatu yang secara eksternal melingkupi teks. Dengan demikian konteks dapat dibedakan atas 1). Konteks bahasa, 2). Konteks luar bahasa (konteks situasi dan konteks **budaya**”

Konteks ugi wonten ing teks ingkang boten langsung umpaminipun nalika wawan rembag bab ngrumput. Wawan rembag bab ngrumput wonten ing wekdal ingkang boten kalebet wekdal ngrumput umpaminipun wonten ing wayah ndalu. Wawan rembag bab ngrumput menika temtu kemawon kalebet konteks ingkang boten langsung, ananging saged kalebet konteks, amargi saking wawan rembag kalawau gadhah konteks pragmatik piyambak, saha saged dipungayutaken kaliyan kahanan kanthi cara ingkang boten langsung. Nalika wawan rembag, ingkang dados narasumber ugi ingkang sampun ahli wonten padamelan ngrumput, saengga taksih saged dipunsebat konteks ewadene boten langsung nalika wawan rembag kaliyan papan situasinipun.

Konsep konteks miturut Firth (lumantar Halliday 1992:11) inggih menika: Pelibat (participants), tegesipun sedaya tiyang ingkang dados penutur utawi mitra tutur, menapa ingkang dipunindakaken dening pelibat. saged tindakan tutur (verbal action) utawi tindakan ingkang boten kalebet tuturan (non-verbal action), titikan kahanan sanesipun ingkang jumbuh umpaminipun barang-barang saha

kadadean-kadadean ingkang wonten, gayut kaliyan bab ingkang dados pokok pawicantenan.

. Mulyana (2005:21) ingkang ngandharaken bilih sedaya prakawis ingkang gayut kaliyan tuturan kados teges, maksud, utawi infor ma si, menika gumantung kaliyan konteksipun. Salah satunggaling pacelathon saged dipunsebat peristiwa tutur menawi sampun kajangkepan sedaya syaratipun inggih menika menapa ingkang dipuntindakaken, kaliyan sinten saha srana ingkang dipunginakaken Utawi kados ingkang dipunandharaken dening Dell Hymes (lumantar Caer&Leoni 2004), peristiwa tutur kedah njangkepi 8 komponen ingih menika:

S: Setting and Scane

P: Participants

E: Ends

A: Act Sequences

K: Key

I: Instrumentalities

N: Norms

G: Genres

S: Setting and scane inggih menika latar kaliyan suasana. Latar (setting) asifat fisik, inggih menika papan kaliyan wekdal pawicantenan. Dene scane inggih menika latar kahanan ingkang wonten rikala pawicantenan.

P: participants, sedaya tiyang ingkang wonten ing pawicantenan, langsung menapa dene boten langsung. Prakawis ingkang gayut kaliyan participants kados, yuswa, pendidikan, latar sosial,lsp.

E: ends, asiling pawicantenan ingkang dipunkajenganken dening panutur, kaliyan ancasing pawicantenan.

A: act squences, pesan/amanat, kasusun saking wujudipun pesen kaliyan isipun pesen.

- K:** key, inggih menika cara, swanten, kaliyan patrap, utawi semangat pawicantenan. Semangat pawicantenan kados serius, santai, akrab lsp.
- I:** instrumentalities utawi srana, inggih menika srana pawicantenan. Tegesipun media ingkang dipunginakaken kangge pawicantenan ing antawisipun cara lisan, tulisan, surat, radio, lsp.
- N:** norms, utawi norma, ngrujuk dhateng norma utawi aturan ingkang dados watesing pawicantenan. Kados, menapa ingkang saged dipunandharaken, menapa ingkang boten, cados pundi caranipun ngandharaken, alus, kasar, tinarbuka, lsp.
- G:** genres utawi jinis, inggih menika jinis wacana. Bab menika ngrujuk dhateng jinis wacana ingkang dipunginakaken, kados: wacana telpon, wacana koran, wacana puisi, ceramah, lsp.

F . Wujud Register

Tembung-tembung register kabentuk saking satuan-satuan gramatikal. Satuan gramatikal inggih menika satuan-satuan ingkang gadhahi makna, saged makna saking leksikal utawi makna gramatikal (Ramlan, 2001:27). Satuan-satuan gramatikal kasebat inggih menika register awujud tunggal kaliyan register awujud kompleks.

Satuan gramatikal ingkang boten kasusun satuan ingkang langkung alit menika dipunsebat bentuk tunggal, ewadene satuan gramatikal ingkang kasusun saking satuan-satuan ingkang langkung alit dipunsebat bentuk kompleks (Ramlan, 2001:28). Satuan bentuk tunggal ateges tembung lingga, tuladhanipun kados kolek

„piranti kangge nglandhepaken arit rikala ngrumput“ angka 1 **„piranti kangge nglandhepaken arit saderengipun ngrumput, kethul „arit utawi cengkron ingkang sampun boten empan“** cengkron **„piranti ngrumput ingkang wujudipun mlengkung saha tipis, khusus kangge rumput boten saged kangge mecok godhong-godhongan“**.

Satuan gramatikal awujud kompleks menika saking asiling proses morfologis, inggih menika proses pambentuk ing tembung-tembung saking satuan ingkang sanes inggih menika ingkang awujud tembung lingga. Proses morfologis kaperang dados tiga, inggih menika wuwuhan (afiksasi), tembung rangkep (reduplikasi), campuran (pemajemukan) (Ramlan, 2001:51-52).

i. Wuwuhan/afiksasi

Wuwuhan/afiksasi inggih menika panambah ing satuan gramatikal wonten ing salah satunggaling tembung ingkang satuan gramatikal kasebat boten kalebet unsur tembung utawi pokok ing tembung, ananging saking satuan gramatikal kasebat saged dados tembung utawi pokok tembung ingkang enggal (Ramsaha, 2001:54-55). Wuwuhan/afiksasi kaperang dados mapinten-pinten jinis gumantung kaliyan afiks kasebat wonten perangan pundi saking tembung ingkang badhe kawuwuhan. Wuwuhan/afiksasi kaperang dados ater-ater (prefiks), seselan (infiks), panambang (sufiks), kaliyan imbuan bebarengan konfiks (Sasangka, 2001:36).

Ater-ater/prefiks inggih menika wuwuhan ingkang wonten ing wiwitaning tembung. Wonten ing basa Jawi, ater-ater/prefiks menika wonten mapinten-pinten jinisipun inggih menika {N-} nasal (hanuswara, ny-, m-, ng, n-), ater-ater

{a-} (a-, ma-, saha mer-), {ka -}, {ke-}, {di-}, {sa -}, {pa-}, {paN-}, {pi-}, {pra -}, {pri-}, {tar-}, {kuma -}, {kapi-}, saha {kami-}. Ater-ater menika panyeratipun sumambung kaliyan tembung lingganipun.

Wuwuhan/afiksasi ingkang kaping kalih inggih menika sisipan/infiks, inggih menika wuwuhan ingkang wonten ing tengah-tengahing tembung lingga. Wonten 4 sesesaha/infiks ing basa Jawi inggih menika um, in er, el. Afiksasi ingkang kaping tiga inggih menika panambang (sufiks). Sufiks inggih menika wuwuhan ingkang wonten ing pungkasaning tembung. Wonten mapinten-pinten sufiks ing basa Jawi, inggih menika {-i}, {-a}, {-e}, {-en}, {-an}, {-na }, {-ana}, {-ane} saha {-ake}.

Pungkasan inggih menika wuwuhan bebarengan/konfiks. Konfiks inggih menika panambahing wuwuhan ater-ater kaliyan panambang wonten ing setunggal tembung kanthi bebarengan. Jinis konfiks wonten ing basa Jawi, kados: ka-/an, ke-/en, pa -/an, paN-/an, pra -/an, anuswara -/a, anuswara -/i, anuswara -/ake, anuswara -/ana, anuswara -/e, di-/i, di-/a/, di-/ana, di-/ake, imbuhan (-in-) –an/-ake /-ana, imbuhan (-um-) –a, sa -/e. (Sasangka, 2001:36-89)

ii. Tembung rangkep/reduplikasi

Wonten ing basa Jawi tembung rangkep menika kathah jinispun inggih menika dwipurwa, dwilingga, dwiwasana . Tembung rangkep dwilingga inggih menika tembung ingkang dumadi saking pangrangkeping purwanipun tembung lingga , kados gegejlog saking tembung gejlog, lajeng geglundhung saking tembung lingga glundhung (dwipurwa salin swara).

Reduplikasi salejengipun inggih menika dwilingga . Dwilingga pangrangkeping tembung lingga, kados lemu-lemu saking tembung lemu (dwilingga), wolak-walik saking tembung walik (dwilingga salin swara). Pungkasan inggih menika tembung rangkep dwiwasana . Tembung rangkep dwiwasana inggih menika pangrangkeping tembung wonten ing wekasaning tembung, kados cekakak saking tembung cekak. (Sasangka, 2001: 90-95)

iii. Tembung Camboran/pemajemukan

Tembung camboran inggih menika tembung enggal ingkang dumadi saking kalih tembung utawi langkung, ingkang dipundadosaken setunggal utawi dipungabung. Tembung enggal kasebat gadhahi teges ingkang enggal ugi, ateges boten kados teges ingkang wonten ing tembung lingga. Tembung camboran menika kaperang dados kalih inggih menika camboran wutuh kaliyan camboran tugel. Camboran wutuh inggih menika tembung ingkang dumadi saking tembung-tembung ingkang wutuh kados tali senar, tali pring. Dene camboran tugel inggih menika tembung ingkang dumadi saking tembung wacahan tuladhanipun kados, dubang ingkang ateges idu abang (Sasangka, 2001: 95-97)

G. Konsep saha Ciri-ciri Register

Konsep register miturut M.A.K. Halliday & Hasan (1994:53) inggih menika konsep semantik, tegesipun salah satunggaling susunaning makna ingkang dipungayutaken kaliyan situasi tartamtu saking medan (menapa ingkang dipuntindakaken), pelibat (sinten ingkang pawicantenan), sarana (sarana ingkang dipunginakaken guneman, lisan utawi tulisan)

Ciri-ciri register inggih menika:

1. Variasi basa adhedhasar pangangenipun saha dipuntemtokaken adhedhasar bidang ingkang nembe dipuntindakaken (kagiyatan ingkang sifatipun ngginakaken basa).
2. Nedahaken proses sosial (sedaya kagiyatan sosial)
3. Register ngandharaken bab ingkang beda saengga langsung beda wonten ing semantik, tatatembung, saha tembung (M.A.K. Halliday & Hasan: 1994: 58-59).

H. Fungsi Register

Register ingkang kalebet peranganing basa inggih menika wonten ing perangan variasi basa, pramila fungsi basa ingkang dipunandharaken dening Halliday (Nababan, 1985:42) saged dados fungsi register ugi. Wonten 6 fungsi register inggih menika:

1. Fungsi Instrumental

Fungsi instrumental inggih menika fungsi basa ingkang dipunginakaken kangge mitra tutur supados ngetrapaken utawi nindakaken menapa ingkang dados panyuwunipun panutur. Ukara-ukara ingkang dipunginakaken biasanipun awujud ukara panyuwunan. Tuladhanipun kados, *“kosik, entenana dhilit agi ngasah”*, ukara menika dipuntuturaken panutur inggih menika tiyang ngrumput ingkang dipuntimbali kancanipun rikala badhe tindak ngrumput. Saking ukara kasebat wonten makna utawi teges inggih menika supados kancanipun ingkang nimbali menika nengga anggenipun ngasah.

2. Fungsi Interaksi

Fungsi interaksi inggih menika fungsi basa ingkang dipunginakaken kangge nedahaken raos paseduluran. Tuturan ingkang wonten ing fungsi interaksi menika biasanipun dipunginakaken rikala pepanggihan, pitepangan, mertamu, kaliyan nyuwun pamit, lsp. Tuladhanipun kados **“seka ngarit kang?” utawi “ngarit nyang ngendi kowe mau yu?”**.

3. Fungsi Personal

Fungsi personal inggih menika fungsi basa ingkang dipunginakaken kangge nedahaken bab ingkang asipat pribadi. Tuturan ingkang dipunginakaken biasanipun gayut kaliyan dhirinipun. Tuladhanipun **“lha kae nggonaku gowang kabeh”**. Ukara menika nedahaken bab ingkang asipat personal inggih menika bilih arit gadhahanipun sampun gowang sedaya.

4. Fungsi Heuristik

Fungsi heuristik inggih menika fungsi ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken salah satunggaling bab. Tuturan ingkang dipunginakaken biasanipun awujud tuturan pitakenan ingkang betahaken jawaban utawi andharan saking salah satunggaling bab. Tuladhanipun kados, **“iki arep dikecuk apa dipapak wae mbak?”**. Tuturan menika kalebet fungsi heuristik amargi boten sedaya rumput menika saged dipunpapak, ananging sedya rumput saged dipunkecuk. Inngkang saged dipunpapak namung rumput ingkang dawa, pramila panutur nyuwun pirsa dhateng mitra tuturipun rumputipun badhe dipunpapak menapa dipunkecuk.

5. Fungsi Hayal/Imajinasi

Fungsi hayal utawi imajinasi orientasinipun langkung wonten ing amanat utawi maksud ingkang badhe dipunandharaken. Fungsi hayal utawi imajinasi inggih menika fungsi basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken amanat, gagasan utawi pangraos saking panutur.

6. Fungsi Informasi

Fungsi informasi inggih menika fungsi basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken salah satunggaling bab dhateng tiyang sanes supados tiyang sanes kasebat mangretos. Tuladhanipun kados, *“sukete dijuju niku disukakke teng kranjang, terus dinet ngangge arit”*. Ukara kasebat ngandharaken salah satunggaling bab inggih menika dijuju, saking ukara menika tiyang sanes saged mangretosi bilih dijuju inggih menika nglebetaken rumput wonten kranjang ngginakekan arit.

I. Panaliten Inggang Jumbuh

Panaliten menika jumbuh kaliyan panalitenipun Fatkur Rohman Nur Awal (NIM 0920524086) tahun 2013 ingkang irah-irahanipun **“Register Taneman Pantun Kecamatan Kalidawir Kabupaten Tulungagung”**. Panaliten ingkang awujud skripsi kasebat ngrembag bab tembung-tembung mligi, wujud tembung-tembung mligi, saha tegesipun tembung-tembung mligi ingkang wonten ing taneman pantun Kecamatan Kalidawir Kabupaten Tulungagung. Panaliten kasebat gadhah bidang kaji saha prakawis ingkang sami inggih menika bidang kaji register dene prakawis ingkang sami wonten ing wujudipun register.


Panaliten menika gadhah bidang kaji saha prakawis ingkang sami ananging wonten bedanipun. Panaliten ingkang jumbuh ngrembag bab r egister saha prakawis bab tembung-tembung mligi, wujud tembung-tembung mligi, saha tegesipun tembug-tembung mligi wonten ing taneman pantun Kecamatan Kalidawir, Kabupaten Tulungagung, dene panaliten menika ngrebag bab wujud r egister, titikan register, saha fungsi register ingkang dipunginakaken dening tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul. Gegayutan ingkang wonten ing panaliten ingkang relevan kaliyan panaliten menika inggih saking bidang kagiyatanipun ingkang sami, inggih menika wonten ing bidang pertanian.

J. Nalaring Pamikir

Penutur basa ingkang heterogen utawi masarakat ingkang kabudayan, kelas sosial, saha basanipun beda lajeng dados setunggal kelompok masarakat, menika salah satunggaling sabab wontenipun variasi basa. Sabab sanes ingkang andadosaken wontenipun variasi basa inggih menika saking kathahipun jinis kagiyatan wonten ing masarakat.

Kagiyatan ingkang maneka warna jinisipun mesthi kemawon saben kagiyatan wonten tembung-tembung mliginipun sambet kaliyan fungsi wonten ing kabetahan saha bidang kagiyatan tartamtu. Variasi basa adhedhasar panganggenipun wonten bidang kagiyatan tartamtu menika ingkang dipunsebat register.

Saking menika pirembaran bab register dados pokok pirembaran ingkang utami wonten ing panaliten menika. Cara anggenipun mendhet data register kanthi ngginakaken konsep saha titikan ingkang sampun kaandharaken wonten ing bab kalih inggih menika: (1) register inggih menika konsep semantika, tegesipun susunaning makna ingkang dipungayutaken kaliyan situasi tatramtu saking medan, pelibat, saha sarana, (2) register ngandharaken bab ingkang beda saengga beda ugi wonten ing perangan makna, tata tembung, saha tembung, (3) register inggih menika susunan makna ingkang kalebet ujaran saged dipuntingali saking ciri-ciri satuan lingual inggih menika leksikal saha gramatikal. Bagan nalaring pikir badhe kababar ing ngandhap menika.



Gambar 1: Bagan nalaring pikir panaliten

BAB III METODE PANALITEN

A. Desain Panaliten

Desain panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten deskriptif. Panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang gadhah ancas kangge paring gambaran kahanan saha kadadosan ingkang wonten ing masarakat (Suryabrata,2012:76). Register ingkang badhe dipunandharaken wonten ing panaliten deskriptif, inggih menika wiwit saking piranti ngrumput, cara nglandhepaken piranti ngrumput, kahanan piranti ngrumput, cara nglandhepaken piranti ngrumput, caranipun ngrumput, jinising rumput, caranipun nata rumput, papan ngrumput, kahanan papan ngrumput, kathahipun rumput, caranipun mbekta rumput, caranipun nyukakaken pakan dhateng sapi kaliyan menda, sisaning pakan sapi kaliyan menda. Ancasipun panaliten deskriptif inggih menika kangge nggambaraken kanthi sistematis, faktual, saha akurat bab kasunyatan saha sipat wonten ing daerah tartamtu (Suryabrata, 2012:5).

B. Data saha Sumber Data Panaliten

Data register ingkang awujud tembung saha frasa dipunpendhet rikala tiyang ingkang pados rumput menika nembe ngrumput. Sumber data wonten ing **panaliten menika inggih menika “basanipun tiyang ngrumput” ingkang gayut** kaliyan padamelan ngrumput. Padamelan ngrumput dening masarakat dhusun Ngangkruk sampun dados padamelan ingkang utami, awit saking menika sumber data sanesipun inggih menika narasumber. Narasumber kasebat boten sanes

masarakat dhusun Ngangkruk ingkang saben dintenipun pados rumput. Data-data ingkang taksih kirang wonten ing panaliten menika saged dipunpendhet saking narasumber kasebat.

C. Caranipun Ngempalaken Data

Wonten 2 teknik ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data, inggih menika observasi saha wawan rembag:

1. Observasi

Observasi menika katindakaken kangge migatosaken sedaya kagiyatan ngrumput ingkang dipuntindakaken dening tiyang ngrumput, wiwit purwa dumugi wasana. Anggenipun migatosaken menika, dipuntindakaken kanthi cara langsung, ateges nderek woten ing sedaya kagiyatan ngrumput. Observasi menika katindakaken kangge ngempalaken data register ingkang gayut kaliyan kagiyatan tiyang ngrumput. Data ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipuncathet saha dipunparingi bukti ingkang awujud gambar.

2. Wawan Rembag

Wawan rembag menika katindakaken dhateng narasumber ingkang sampun ahli, inggih menika ingkang saben dintenipun nyambut damel ngrumput. Sedaya pitakenan ingkang badhe dipunsuwunaken pirsampun kasusun kanthi tinarbuka saha terstruktur, supados pikantuk data ingkang langkung kathah malih. Asiling data wawan rembag menika kangge njangkepi data ingkang taksih kirang saking asiling observasi, mliginipun wonten ing perangan fungsi saben register ingkang kapanggihaken.

D. Pirantining Panaliten

Human instrument saha wawanrembag dados piranti ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika. Inkang dipunsebat human instrument inggih menika wonten ing proses ngempalaken data panaliti dados piranti utami kangge ngempalaken data (Ghony&Almansur,2012:95). Miturut Siswantoro (2014:71) panaliti dados human instrument, inggih menika kanthi ancas panaliti piyambak ingkang dados piranti anggenipun ngempalaken data. Anggenipun ngempalaken data ngginakaken cara nyemak, wawan rembag, saha dokumentasi.

Proses nyemak dipuntindakaken dening panaliti rikala masarakat nembe ngrumput. Sasampunipun nyemak dipunlajengaken wawan rembag dhateng tiyang ngrumput. Asiling data dipunsimpen ngginakaken piranti kamera , piranti rekam, buku cathetan, kertu data , saha damel tabel analisi data . Tuladha kertu data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika kados ingkang wonten ing ngandhap menika:

Gambar 2: **Tuladha kertu data.**

No. Data Wekdal Konteks	p.n.1 21 Februari 2018, 14.00 WIB Tuturan menika dipuntuturaken rikala tanggal 21 Februari 2018, jam 14.00 wonten ing alas ingkang sepi, 2 ibu-ibu inggih menika Ibu Payem kaliyan Ibu Jumi nembe ngrumput sinambi pawicantenan. Ibu Jumi badhe ngampil kolek kaliyan Ibu Payem. Pramila, kanthi suanten ingkang radi Ibu Jumi nyuwun pirsu dhateng Ibu Payem mbekta kolek menapa boten.
Data Tembung Mligi Wujud tembung Mligi Fungsi tembung Perangan	“Nggawa kolek ora yu? Aritku wis ora empan” Kolek Tunggal Informasi piranti ngrumput Piranti saha Kondisi Piranti

E. Teknik Analisis Data

Metode analisis data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika metode deskriptif. Metode deskriptif inggih menika bilih panaliten dipuntindakaken namung adhedhasar saking kasunyatan-kasunyatan ingkang dipunginakaken dening panatur, saengga ingkang dipuncathet inggih namung basa ingkang asring dipunginemaken saha dipunandharaken kanthi sawontenipun (Sudaryanto, 1986:62).

Teknik menika, panaliti paring gambaran bab sedaya ingkang dipunpanggihaken wonten ing tuturan ingkang dipunginakaken tiyang ngrumput. Rikala panaliti ngempalaken data panaliten, analisis data ugi dipunwiwiti dening panaliti. Data ingkang sampun dipunpanggihaken, salajengipun dipunanalisis bentuk saha ginanipun ingkang jumbuh kaliyan teori ingkang dipunginakaken. Analisis data dipunwiwiti kanthi paring gambaran data ingkang dipunpanggihaken

wonten ing lapangan. Kula sifika si data menika ingkang utami dipuntindakaken wonten ing proses ana lisis data.

Klasifikasi data dipuntindakaken kanthi cara paring tanda wonten ing sedaya data ingkang sampun dipunkempalaken, lajeng data-data kesebat dipunsusun dados satuan-satuan, dipunjumbuhaken kaliyan panglempokan ingkang sampun dipuntemtokaken. Data ingkang dipunpanggihaken saking lapangan ingkang awujud register wonten ing padamelan tiyang ngrumput, dipunkelompokaken miturut bentuk saha ginanipun jumbuh kaliyan teori ingkang dipunginakaken.

Sasampunipun nindakaken klasifikasi, ingkang salajengipun inggih menika reduksi data. Reduksi data inggih menika ngrangkum, milah ingkang pokok, namung fokus wonten ing bab-bab ingkang awrat, saha dipunpadosi tema saha posahipun (Sugiyono, 2013:247). Sahagkah ingkang salajengipun inggih menika asiling panaliten dipunandharaken ngginakaken tabel.

F. Validitas Reliabilitas Data

Teknik keabsahan data ingkang dipunginakaken inggih menika validitas saha reliabilitas data. Pengukuran ingkang valid menawi skala kesebat dipunginakaken ngukur menapa ingkang kedah dipunukur (Sarwono, 2006:99). Reliabilitas nedahaken bilih wontenipun konsistensi saha stabilitas nilai asiling skala (Sarwono, 2006:100).

Kangge kevalidan data peneliti ngginakaken metode triangulasi. Metode triangulasi inggih menika teknik ngempalaken data kanthi cara mapinten-pinten teknik ngempalaken data saha sumber data dipungabung dados setunggal

(Sugiyono, 2013:241). Panaliten menika ngginakaken trianggulasi sumber , inggih menika ngempalaken data saking sumber ingkang beda ananging ngginakaken teknik ingkang sami (Sugiyono, 2013:241). Wonten ing panaliten menika kanthi cara (1) mbandhingaken informasi ingkang sami saking mapinten-pinten narasumber, (2) mbandhingaken data asiling wawan rembag kaliyan observasi . Kajawi menika, paneliti ugi ngginakaken trianggulasi teori inggih menika kanthi cara njumbuhaken tafsiran panaliti kaliyan teori ingkang sampun wonten.

BAB IV ASILING PANALITEN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten “Register Tiyang Ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, Desa **Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul**” sasampunipun nindakaken obser vasi saha wawan rembag dhateng na r a sumber tiyang ngrumput, data ingkang kapanggihaken inggih menika wonten 38 data r egister tiyang ngrumput ingkang wonten ing Dhusun Ngangkruk.

Data ingkang dipunpanggihaken kasebat inggih menika kolek, ungka l, a r it, cengkr ong, grenda , kranjang, tali pring, tali senar, cangkrang, kethul, tempak, gowang, ngasah, ngolek, nyusruk, mbabad, mecoki, ngegres, suket (alang-alang, klolor, suket gajahan, mbesen, blembem, othok kowok, kalanjana), godhongan (godhong leresedhe, godhong nangka, godhong maoni, godhong sengon laut, godhong tela, godhong kalendra, godhong telekan, tebon, godhong gedhang, godhong mlandhing), dijuju, diumpang, dikecuk, dipapak, dipagolke, ara -ara, disaweni, bun, sapangkal, sebongkok, saperes, sajuju, saumpang, digendhong, disunggi, brukki, digandhulke, saha rapen.

Data ingkang kalebet register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk ingkang sampun dipunpanggihaken salajengipun dipunpantha-pantha adhedhasar jinisipun inggih menika piranti ngrumput, kahanan piranti ngrumput, cara nglandhepaken piranti ngrumput, caranipun ngrumput, jinising rumput, caranipun nata rumput, papan ngrumput, kahanan papan ngrumput, kathahipun rumput,

caranipun mbekta rumput, caranipun nyukakaken pakan dhateng sapi kaliyan menda, sisaning pakan sapi kaliyan menda.

Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data ingkang sampun dipunpanggihaken ing nginggil inggih menika kanthi cara nyemak, nyathet, wawan rembag, saha dokumenta si. Wawan rembag dipuntindakaken kangge njangkepi data r egister ingkang taksih kirang saking asiling nyemak, mliginipun teges saking saben data ingkang dipunpanggihaken ing samangke kangge nemtokaken fungsi register . Dokumentasi data register ingkang awujud gambar menika kangge paring katrangan tambahan bab register ingkang wonten ing kagiyatan tiyang ngrumput.

Asiling panaliten saking data ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput inggih menika tembung mligi, wujud, kaliyan fungsi. Wujud ing panaliten menika ateges wujud adhedhasar morfologi inggih menika tunggal menapa dene kompleks. Fungsi register katerangaken mawi tuturan ingkang dipuntuturaken dening penutur saking asiling nyemak saha wawan rembag. Asiling panaliten kasebat kababar wonten ing tabel asiling panaliten ing ngandhap menika:

Tabel 1: Tabel asiling panaliten

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
1.	Piranti ngrumput	Kolek		Informasi	<p>“Nggawa kolek ora yu? Aritku wis ora empan”</p> <p>Wujud: tembung tunggal, amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit.</p> <p>Fungsi: Informasi. Tuturan kasebat sejatosipun ngewrat informasi bilih arit ingkang sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput nalika ngrumput saged dipunlandhepaken mawi kolek.</p>
2.	Piranti ngrumput	Cengkrong		Informasi	<p>“cengkrong ki tipis, rada blegendhuk, nek arit ki bedane kandel, nek cengkrong kui sing disah sisih thok”</p> <p>Wujud: tembung tunggal amargi boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					menika saged dipunmangertosi bilih cengkron menika wujudipun radi blengkuk saha tipis, ingkang dipunsa namung sisih wingking kemawon.
3.	Piranti ngrumput	Arit		Informasi	<p>“ngasahe sepalih nek cengkron, nek arit diwolak- walik nek ngasah” Wujud: Tembung tunggal, amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit. Fungsi: informasi. Saking tuturan menika saged dipunmangertosi caranipun nglandhepaken arit inggih menika saged dipunasah wolak walik, boten namung sisih wingking kemawon ananging sisih ngajeng dumugi tenggokipunugi saged.</p>
4.	Piranti ngrumput	Kranjang		Informasi	<p>“bambu diirat, dinam, disukani blengker dados kranjang” Wujud: tembung</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>tunggal, amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: infor ma si, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih kranjang menika kadamel saking bambu ingkang Dipunirat lajeng dipunnam, punsukani blengker ngandhap kaliyan nginggilipun.</p>
5.	Piranti Ngrumput	Ungkal		Informasi	<p>“grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungkal rak gae dhewe seka watu”</p> <p>Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: informasi. Saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih ungal menika saged pados piyambak saha ungal menika kadamel saking sela.</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
6.	Piranti Ngrumput	Grenda		Informasi	<p>“grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungal rak gae dhewe seka watu”</p> <p>Wujud: tembung tunggal amargi boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: Informasi. Saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih grenda menika kasar saha damelanipun pabrik.</p>
7.	Piranti Ngrumput		Tali Senar	Informasi	<p>“tali senar ki wujud dhadhung, lajeng ujunge nika dinggekki wesi”</p> <p>Wujud: tembung camboran, inggih menika saking tembung tali+ senar= tali senar.</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih tali senar menika awujud dhadhung ingkang pucukipun dipunsukani wesi utawi ingkang dipunsebat kolongan.</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
8.	Piranti Ngrumput		Tali Pring	Informasi	<p>“tali pring ki pring ditegor, disigar cilik-cilik gek diirati dadi loro-loro”</p> <p>Wujud: tembung camboran inggih menika saking tembung tali+ pring= tali pring.</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi biih tali pring menika kadamel saking pring ingkang dipunsigar lajeng dipunirati pun perang dados kalih-kalih.</p>
9.	Piranti Ngrumput	Cangkrang		Informasi Piranti Ngrumput	<p>“njilih cangkrangmu yem tak nggone ngeruk lethong”</p> <p>Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bili cangkrang menika dipunginakaken kangge ngeruk lethong.</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
10.	Kahaman Piranti Ngrumput	Tempak		(1) Personal (2) Informasi	<p>“aritku gur tempak, dinggo ngegres simbok terus iki mesthi” Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ing kang langkung alit malih. Fungsi: personal kaliyan informasi, amargi tuturan menika andharanipun Ibu Payem ing kang criyos bilih aritipun tempak amargi dipunginakaken ngegres dening simbokipun, Ibu Payem ugi katon jengkel amargi aritipun tempak. Tuturan menika ugi kalebet fungsi informasi, saking tuturan menika sajatosipun ngewrat informasi bilih arit ing kang tempak menika kedah dipunasah amargi boten empan dipunginakaken kangge ngrumput.</p>
11.	Kahaman Piranti Ngrumput	Kethul		(1) Personal (2) Informasi	<p>“arit agi dinggo sedhilit we wis kethul ngasi blag- blug blag-blug ra</p>

No .	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>entuk-entuk”</p> <p>Wujud: tembung tunggal amargi boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit.</p> <p>Fungsi: personal kaliyan informasi, amargi tuturan menika raosipun Ibu Sainah ingkang jengkel amargi aritipun gampang kethul, ugi kalebet fungsi informasi amargi tuturan menika ngewrat informasi bilih arit ingkang sampun kethul menika sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput, pramila namung blag-blug swantenipun.</p>
12.	Kahaman Piranti Ngrumput	Gowang		Informasi	<p>“gowang niku rompal, disah dhisik ben ra grathul-grathul”</p> <p>Wujud: tembung tunggal, amargi sampun boten kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: Informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					bilih gowang menika cuwil wonten ing perangan landheping arit, kados wonten ing gambar, kedah dipunasah.
13.	Caranipun Nglandhe paken Piranti Ngrumput		Prefiks hanuswar a (ng-) wonten ing tembung asah	Instrumental	“ kosik entenana dhilit agi ngasah ” Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara ng+ asah= ngasah Fungsi: instrumental, saking tuturan menika panutur gadhah ancas supados mitra tuturipun nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur inggih menika supados nengga anggenipun tindak ngrumput amargi taksih ngasah.
14.	Cara nglandhep aken piranti ngrumput		Prefiks hanuswar a (ng-) wonten ing tembung kolek	(1) instrumen- tal (2) informasi	“ tak ngolek sik wis ra empan aritku ” Wujud: tembung kompleks amargi saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit inggih menika {ng-} + kolek → ngolek. Ater-ater ng- wonten ing tembung lingga kolek dados

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>tembung kriya ngolek ingkang ateges nglandhepaken arit utawi cengkong sampun boten empan rikala dipunginakaken kangge ngrumput.</p> <p>Fungsi: instrumental saha informasi, amargi tuturan kasebat gadhah ancas supados mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur, inggih menika supados nengga aggenipun nglajengaken ngrumput, amargi taksih ngolek, saha tuturan menika ngewrat informasi bilih arit ingkang sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput nalika ngrumput taksih katindakaken pramila dipunlandhepaken mawi kolek utawi ingkang dipunsebat ngolek.</p>
15.	Caranipun Ngrumput		Nyusruk	Informasi	<p>“nek nyusruk kae nek ketiga akeh- akehe nyusruk, nek</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					rendheng ora Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara ny+ susruk= nyusruk. Fungsi: Informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih Nyusruk menika asring katindakaken ing mangsa ketiga amargi sitinipun boten teles.
16.	Caranipun Ngrumput		Mbabad	Informasi	“sapa sik mbabad suket ngasi resik iki ki?” Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara m+ babad= mbabad Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggaling cara ngrumput suket inggih menika mbabad.
17.	Caranipun Ngrumput		Konfiks m+ pecok+ i= mecoki	(1) personal (2) informasi	“aku mung mecoki godhong telekan dinggo pakan wedhus” Wujud: tembung kompleks konfiks m+ pecok+ i= mecoki Fungsi: personal saha informasi,

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					amargi tuturan menika nyariosaken pribadinipun Ibu Sainah ingkang namung mecoki godhong telekan kangg pakan menda. Tuturan menika ugi kalebet fungsi informasi amargi jinis godhong- godhongan kados godhong telekan menika caranipun ngrumput inggih menika dipecok.
18.	Caranipun Ngrumput		Ngegres	Informasi	Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara ng+ gres= ngegres Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggaling cara ngrumput menika ngegres, saha arit ingkang dipunnginakaken kangge ngegres terus gampil tempak.
19.	Jinisipun Rumput	Suket		Informasi	Wujud: tembung tunggal, amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Fungsi: informasi,

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika kangge pakan sapi, ananging godhongan menika kangge pakan menda.</p> <p>Nama-nama suket ingkang asring dipunrit:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Alang- alang 2. Klolor 3. Suket gajahan 4. Mbesen 5. Blembem 6. Othok kowok 7. Kalanjana
20.	Jinisipun Rumput		Godhong- an	Informasi	<p>“ngertia aku mau ngarit suket, ning rung duwe godhongan nggo pakan wedhus” Wujud: tembung kompleks sufiks godhong+ an= godhongan Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika kangge pakan sapi, dene godhongan kangge</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>pakan menda.</p> <p>Nama-nama godhongan ingkang asring dipunrit:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Leresedhe 2. Nangka 3. Maoni 4. Sengon 5. Godhong tela 6. Kalendra 7. Godhong Telekan 8. Tebon 9. Godhong Gedhang 10. Godong Mlanding
21.	Cara nata rumput		Prefiks (di-) wonten ing tembung juju	Informasi	<p>“sukete dijuju niku disukakke teng kranjang, terus dinet ngangge arit”</p> <p>Wujud: tembung kompleks inggih menika {di-} + juju → Dijuju</p> <p>Fungsi: informasi cara nata rumput. Saking tuturan menika saged dipunmangretosi bilih dijuju inggih menika caranipun nglebetaken rumput wonten ing kranjang ngginakaken arit.</p>
22.	Cara nata rumput		Prefiks (di-)	Informasi	<p>“diumpang niku mengkih nginggile</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
			wonten ing tembung umpang		<p>nggen jujon wau disukani pangkusaha sepangkul mangkih dikecuk kados sami, lajeng ditali nek pun kathah pun kebak kranjange”</p> <p>Wujud: tembung kompleks amargi taksih saged dipunperang dados satuan ingkang alit {di-} + umpang→ Diumpang</p> <p>Fungsi: informasi caranipun nata rumput Saged dipunmangretosi bilih diumpang inggih menika caranipun nata rumput wonten kranjang kanthi cara nyukakaken rumput wonten ing kranjang.</p>
23.	Caranipun nata rumput		Prefiks (di-) wonten ing tembung kecuk	Informasi	<p>“iki arep dikecuk apa dipapak wae mbak?”</p> <p>Wujud: tembung kompleks amargi saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih kados {di-} + kecuk→ dikecuk</p> <p>Fungsi: heuristik utawi pemecah</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>masalah tuturan Saking penutur menika penutur betahaken wangsusaha saking mitra tutur bilih anggenipun nata rumput badhe dipunkecuk menapa dipunpapak, supados rumputipun enggal saged dipuntata.</p>
24.	Cara nata rumput		Prefiks (di-) wonten ing tembung papak	Heuristik	<p>“iki arep dikecuk apa dipapak wae mbak? Wujud: tembung kompleks amargi saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih kados {di-} + papak → dipapak Fungsi: heuristik utawi pemecah masalah Saking tuturan menika penutur betahaken wangsusaha saking mitra tutur bilih anggenipun nata rumput badhe dipunkecuk menapa dipunpapak, supados rumputipun enggal saged dipuntata.</p>
25.	Caranipun nata		Konfiks (di-)+ (-ke)	Informasi	<p>“kui dipagolke. Dokokke nggon</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
	rumpu		wonten ing tembung dipagolke		<p>nggalengan apa nggon sing dhuwur”</p> <p>Wujud: tembung kompleks amargi taksih dipunperang dados satuan ingkang langkung alit {di-}+ pagol+ {-ke}= dipagolke</p> <p>Fungsi: Informasi caranipun nata rumput. Saged dipunmangretosi bilih dipagolke inggih menika nyukakaken gawan rumput wonten galengan utawi papan ingkang inggil galengan utawi papan ingkang inggil.</p>
26.	Kahaman papan ngrumpu		Konfiks (di-)+ (-i) wonten ing tembung disaweni	Informasi	<p>“Iha tegasaha ki saiki gur disaweni kabeh”</p> <p>Wujud: tembung kompleks amargi saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit {di-}+ sawen+ {-i} → disaweni</p> <p>Fungsi: Informasi kahaman papan ngrumpu Saking tuturan menika panaliti saged mangretosi bilih meh sedaya</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					tegal menika dipunsaweni ingkang gadhah tegal.
27.	Kahaman papan ngrumput	Bun		Personal	Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Fungsi: personal amargi Bp Ngatiman menika bingung badhe ngrumput wonten pundi amargi bun sedaya rumputipun.
28.	Papan ngrumput		Tembung rangkep dwilingga saking tembung ara	Informasi	“ara-ara ki ya sing ora enek tandurane gur suket, iki nek ketok ko kono karo nyekel rambutan ya karo mangan ya nggak apa-apa ya, makan rambutan” Wujud : tembung rangkep ara dados ara -ara Fungsi: informasi bab papan ngrumput ingkang boten wonten tanemanipun namung mligi kangge rumput.
29.	Kathah- ipun Rumput		Sapangkul	Informasi	“mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>sapangkul dados sebongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke” Wujud: tembung kompleks prefiks sa+ pangkul= sapangkul Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika mangkih dipunkempalaken sapngkul-sapangkul nembe dipunbongkok utawi dipunlenbetaken kranjang.</p>
30.	Kathah-ipun Rumput		Sebongkok	Informasi	<p>“mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkul dados sebongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke” Wujud: tembung kompleks prefiks se+ bongkok= sebongkok Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika mangkih</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					dipunkempalaken sapangkul- sapangkul nembe dipunbongkok utawi dipunlenbetaken kranjang.
31.	Kathah- ipun rumput		Saperes	Informasi	<p>“entuk apa yaaa, wong agi entuk saperes kranjang” Wujud: tembung kompleks prefiks sa+ peres= saperes Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput ingkang dipuntata wonten ing kranjang menika wonten mapinten- pinten salah satunggalipun saperes, mangkih sajuju, salajengipun saumpang.</p>
32.	Kathah- ipun Rumput		Sajuju	Informasi	<p>“iya, nek wis dijuju ki jenenge sajuju” Wujud: tembung kompleks prefiks sa+ juju= sajuju Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih kranjang ingkang sampun dijuju menika kathahipun rumput sajuju.</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
33.	Kathahipun Rumput		Saumpang	Informasi	<p>“dadi, nek sukete wis tekan nggon blengker sik dhuwur kui saperes, nek wis dijuju sajuju, nek wis diumpang kui wis saumpang”</p> <p>Wujud: tembung kompleks prefiks sa+ umpang= saumpang</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih saumpang menika salah satunggaling kathahipun rumput ingkang dipuntata migunakaken kranjang.</p>
34.	caranipun Mbekta Rumput		Digendhong	Informasi	<p>“mengkih gek digendhong saged, disunggi saged”</p> <p>Wujud: tembung kompleks prefiks di+ gendhong= digendhong</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun mbekta rumput menika saged dipungendhong utawi disunggi.</p>
35.	Caranipun Mbekta		Disunggi	Informasi	<p>“mengkih gek digendhong saged,</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
	Rumput				<p>disunggi saged Wujud: tembung kompleks prefiks di+ sunggi = disunggi Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun mbekta rumput menika saged dipungendhong utawi disunggi.</p>
36.	Caranipun Nyukani Pakan dhateng Sapi		Brukki	Informasi	<p>“nggon sapi ngke wis ta brukki suket neh urung pak?” Wujud: tembung kompleks prefiks bruk+ i= brukki Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun paring pakan sapi menika kanthi cara dibrukaken beda kaliyan caranipun nyukani pakan menda ingkang digandhulke.</p>
37.	Caranipun Nyukani Pakan Dhateng Menda		Digandhul ke	Informasi	<p>“mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkul dados sebongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke”</p>

No	Jinis	Wujud Tembung		Fungsi	Katrangan
		Tunggal	Kompleks		
					<p>Wujud: tembung kompleks konfiks di+ gandhul+ ke= digandhulke</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun nyukani pakan menda menika kanthi cara diganhulke, supados pakanipun boten dipunidak-idak menda.</p>
38.	Sisaning Pakan Kewan		Rapen	(1) personal (2) informasi	<p>“rapen ku nggon sapi okeh banget sedina ra diguwak wae, ngasi kesel sik njupuki”</p> <p>Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih</p> <p>Fungsi: personal saha informasi, amargi kajawi kita saged mangertosi bilih rapen menika sisaning pakan sapi utawi menda ingkang boten dipunpangan, tuturan menika ugi nyariosaken sayahipun Ibu Payem anggenipun mendheti rapen kasebat.</p>

B. Pirembagan

Adhedhasar data ingkang dipunpanggihaken saha kaserat wonten ing tabel asiling panaliten ing nginggil, wujud saha fungsi register tiyang ngrumput, badhe kababar kanthi kapilah-pilah miturut jinisipun, kados wonten ing ngandhap menika.:

1. Piranti Ngrumput

Register ingkang kapanggihaken wonten ing piranti ngrumput wonten 9 data register, inggih menika kolek, cengkong, arit, kranjang, ungal, grenda, tali senar, tali pring, saha cangkang . Tembung mligi (register) wonten ing piranti ngrumput, menawi dipuntingali saking wujudipun wonten wujud tunggal/tembung lingga saha tembung kompleks (camboran). Menawi dipuntingali fungsipun, register piranti ngrumput sedayanipun fungsi informasi. Wonten ing ngandhap menika badhe karembag sedayanipun:

1). Kolek

Tuladha panganggening tembung kolek kados ingkang kapanggihaken wonten ing tuturan ngandhap menika.

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken rikala tanggal 21 Februari 2018, jam 14.00 wonten ing alas ingkang sepi, 2 ibu-ibu inggih menika Ibu Payem kaliyan Ibu Jumi nembe ngrumput sinambi pawicantenan. Ibu Jumi badhe ngampil kolek kaliyan Ibu Payem. Pramila, kanthi suanten ingkang radi seru Ibu Jumi nyuwun pirsu dhateng Ibu Payem mbekta kolek menapa boten.

Tiyang Ngrumput : “Nggawa **kolek ora yu? Aritku wis ora empan**”

Ukara “**nggawa kolek** ora yu? Aritku wis ora **empan**” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 21 Februari 2018 tabuh 14.00 ing alas ingkang sepi kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun panatur.
- Participants participantnipun wonten 2 inggih menika Ibu Payem saha Ibu Jumi.
- Ends ingkang kawrat wonten ing ukara ing nginggil inggih menika badhe ngandharaken bilih aritipun sampun boten empan pramila badhe ngampil kolek kanthi migunakaken ukara pitaken.
- Act squences migunakaken ukara langsung ingkang tinarbuka kangge paring informasi bilih aritipun Ibu Jumi sampun boten empan pramila badhe ngampil kolek.
- Keys ingkang kagambaraken inggih menika tinarbuka saha akrab amargi sampun kekancan raket, migunakaken swanten ingkang radi inggil.
- Instrumentalities ingkang dipunginakaken inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register kolek.
- Norms ingkang kagambaraken inggih menika norma kesopanan, amargi Ibu Jumi menika langkung nem tinimbang Ibu Payem, pramila anggenipun nimbali **migunakaken tembung “yu”**.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika awujud pawicantenan ingkang cekak.

Kolek ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput ateges salah satunggaling piranti ingkang dipunginakaken kangge nglandhepaken gaman ngrumput inggih menika arit kaliyan cengkrong. Kolek inggih menika piranti kangge nglandhepaken arit utawi cengkrong ingkang sampun boten empan rikala

dipunginakaken kangge ngrumput saha kadamel saking grenda utawi ungal ingkang sampun alit.

Tembung kolek, awujud tembung tunggal utawi lingga ateges, tembung menika boten saged dipunperang dados sa tua n ingkang langkung alit. Kolek adhedhasar tuturan ing nginggil kalebet fungsi informasi piranti ngrumput. Fungsi informasi inggih menika fungsi panganggening basa ingkang dados srana kangge paring pawarta utawi informasi supados tiyang sanes mangretos salah satunggaling bab. Pethikan data tuturan ing nginggil kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan kasebat saged dipunmangretosi bilih, kolek menika piranti kangge nglandhepaken arit utawi cengkroning ingkang sampun boten landhep nalika dipunginakaken ngrumput.

2). Cengkroning

Tuladha panganggening tembung cengkroning wonten ing register tiyang ngrumput kados wonten ing ngandhap menika:

- Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Sinem minangka narasumber bab register tiyang ngrumput. Dipuntuturaken rikala tanggal 21 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten ing griyanipun Ibu Sinem ingkang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian mingka pewawan rembag bab register tiyang ngrumput. kanthi tinarbuka ugi semangat Ibu Sinem ngandharaken bedanipun cengkroning kaliyan arit.
- Ibu Sinem : **“cengkroning ki tipis, rada blegendhuk, nek arit ki bedane kandel, nek cengkroning kui sing disah sisih thok”**

Konteks pawicantenan ing nginggil saged dipundadosaken data amargi ingkang ngandharaken pawicantenan menika tiyang ingkang sampun ahli wonten ing bab ngrumput. Kajawi sampun ahli, pokok pawicantenan ingkang wonten inggih menika ngrembag bab ngrumput. Bukti bilih Ibu Sinem menika tiyang

ngrumput, amargi saderengipun rikala obser va si panaliti sampun kepanggih piyambakipun ngrumput, saengga mesthi kemawon Ibu Sinem gadhah piranti ngrumput ugi mangretos sedaya tembung mligi ingkang magepokan kaliyan ngrumput.

Ukara “cengkrong ki tipis, rada blegendhuk, nek arit ki bedane kandel, nek cengkrong kui sing disah sisih thok” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 21 Februari 2018 ing griyanipun Ibu Sinem ingkang sepi kanthi suasana santai ing antawisipun Ibu Sinem kaliyan Dian.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Sinem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos bedanipun arit kaliyan cengkrong.
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bedanipun arit kaliyan cengkrong.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika tinarbuka saha santai amargi boten wonten ing suasana ingkang formal, ugi kanthi swanten ingkang netral amargi boten tepang raket ing antawisipun pewawan rembag kaliyan narasumber.
- Instrumentalities ingkang dipunginakaken inggih menika ragam lisan kanthi register cengkrong kaliyan arit kangge ngandharaken bab salah satunggaling piranti ngrumput.

- Norms ngginakaken ukara deskriptif ingkang tinarbuka ananging narasumber menika ngandharaken bab cengkrong kanthi lancar boten kados mikir rumiyin anggenipun ngandharaken saged spontan boten bingung ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Cengkrong wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun salah satunggaling piranti ingkang dipunginakaken kangge ngrumput. Amargi tipis, cengkrong menika namung mligi kangge rumput boten saged kangge pados godhong-godhongan kados arit. Cengkrong anggenipun nglandhepaken ugi namung sepalih inggih menika sisih wingking kemawon. Tembung cengkrong awujud tembung tunggal utawi lingga, amargi tembung cengkrong menika boten saged dipunperang dados satuan lingual ingkang langkung alit.

Cengkrong wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk gadhah fungsi informasi. Saking tuturan narasumber ing nginggil, tiyang sanes mliginipun panaliti saged mangretosi bilih cengkrong menika salah satunggaling piranti ngrumput ingkang wujudipun mlengkung tipis ingkang saged dipunasah namung sisih wingking kemawon.

3). Arit

Tuladha panganggening tembung arit kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem minangka narasumber wawan rembag bab register ngrumput, dipuntuturaken rikala tanggal 25 Februari 2018 jam 20.00 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi. Tuturan menika dipunandharaken dhateng Dian minangka pewawan rembag. Kanthi tinarbuka kaliyan ukara ingkang cetha Ibu

Ibu Payem Payem ngandharaken bab caranipun nglandhepaken cengkrong kaliyan arit.
: **“ngasahe sepalih nek cengkrong, nek arit nek ngasah”** diwolak-walik

Ukara “ngasahe sepalih nek cengkrong, nek arit diwolak-walik nek ngasah” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun Ibu Payem kaliyan Dian.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos caranipun nglandhepaken arit kaliyan cengkrong.
- Act sequences inggih menika migunakaken ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab caranipun nglandhepaken arit kaliyan cengkrong.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab arit kanthi santai saha swanten ingkang netral.
- Instrumentalities ingkang dipunginakaken ragam lisan kanthi migunakaken register arit, kangge ngandharaken caranipun nglandhepaken arit.
- Norms ukara deskriptif dipunandharaken kanthi alus ugi tinarbuka, anggenipun narasumber ngandharaken bab arit, boten bingung saged spontan anggenipun ngandharaken utawi paring wangsulan dhateng piwawan rembag ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.

- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika wacana pacelathon.

Arit ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun gaman ingkang dipunginakaken kangge ngrumput. Caranipun nglandhepaken arit utawi ngasah arit saged dipunwolak-walik sedaya peranganipun saged dipunasah. Rikala observasi, tiyang ngrumput ingkang nembe ngasah arit ugi kados ingkang dipunandharaken dening Ibu Payem ing nginggil, dipunwolak-walik tegesipun ngajeng wingkingipun dipunasah, tenggokipun arit ugi dipunasah .

Arit menika boten namung kangge ngrumput rumput ananging ugi saged kangge ngrumput godhong-godhongan kangge pakan menda. Tembung arit awujud tembung tunggal utawi lingga, boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit. Tembung arit adhedhasar tuturan ing nginggil kalebet fungsi informasi. Saking tuturan kasebat tiyang sanes saged mangretosi bilih arit menika caranipun ngasah saged dipunwolak-walik, sedaya peranganipun saged dipunasah. Beda kaliyan cengkong, ingkang saged dipunasah namung sepalih inggih menika sisih wingking kemawon.

4). Kranjang

Kranjang menika, wonten maneka warni wujud saha ginanipun. Wonten ingkang boten ngginakaken blengker kados kranjang buah, kranjang sampah, lsp. Saking prakawis menika temtu kemawon ingkang anama kranjang menika boten namung dipunginakaken kangge tiyang ngrumput. Ananging kranjang saged kalebet register tiyang ngrumput amargi kranjang ing Dhusun Ngangkruk menika

wujudipun khusus, inggih menika ngginakaken blengker ngandhap kaliyan nginggilipun.

Tuladha pangenggening tembung kranjang kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks :Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 25 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rebag. Kanthi tinarbuka, ugi runtut Ibu Payem ngandharaken caranipun damel kranjang.

Ibu Payem : **“bambu diirat, dinam, disukani blengker dados kranjang”**

Konteks pawicantenan ing nginggil saged dipundadosaken data amargi, tuturan utawi pawicantenan ing nginggil dipunandharaken dening tiyang ingkang sampun ahli wonten ing padamelan ngrumput. Bukti ingkang saged nedahaken bilih Ibu Payem menika tiyang ngrumput, inggih menika panaliti nalika observasi ingkang dipunsemak tuturanipun inggih menika Ibu Payem kaliyan kancanipun nalika ngrumput. Bukti sanesipun inggih menika menawi mangsuli sedaya pitaken ingkang magepokan kaliyan ngrumput, Ibu Payem boten bingung, saged lancar anggenipun paring wangsulan.

Bukti ingkang sampun kaandharaken menika sampun cekap kangge sarat narasumber, saengga menawi dipunsuwuni pirsa mesthi kemawon mangretos sedaya tembung-tembung mligi ingkang magepokan kaliyan tiyang ngrumput.

Boten namung mangretos menapa kemawon tembung mligi ingkang gayut kaliyan padamelan tiyang ngrumput, ananging ugi mangretos menapa ginanipun.

Pokok pawicantenan ing nginggil ugi ngrembag bab ngrumput, saengga taksih gayut kaliyan padamelan tiyang ngrumput.

Ukara “bambu diirat, dinam, disukai blengker dados kranjang” menawi

dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos menapa kranjang, kadamel saking menapa, kados pundi caranipun damel.
- Act sequences inggih menika migunakaken ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab caranipun damel kranjang.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab kranjang kanthi santai.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register kranjang, kangge ngandharaken caranipun damel kranjang.
 - Norms caranipun ngandharaken ukara deskriptif alus ugi tinarbuka, dipunandharaken kanthi runtut boten kados mikir ananging tetep migunakaken patrap ingkang ramah saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Kranjang ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput menika tegesipun salah satunggaling piranti ngrumput ingkang dipunginakaken kangge wadah rumput ingkang cekak-cekak. Kranjang kadamel saking pring

ingkang dipunirat, dinam, dipunsukani blengker ngandhap kaliyan nginggilipun.

Tembung kr a nja ng, awujud tembung tunggal utawi lingga, amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih.

Tembung kr a nja ng wonten ing r egister tiyang ngrumput kalebet fungsi infor ma si. Kranjang dados fungsi informasi amargi saking tuturan ingkang dipuntuturaken narasumber ing nginggil, tiyang sanes ingkang boten nyambut damel ngrumput saged mangretosi bilih kranjang menika kadamel saking pring ingkang dipunirat, dinam, dipunsukani blengker ngandhap kaliyan nginggilipun, dipunginakaken kangge wadhah rumput ingkang cekak.

5).Ungkal

Tuladha panganggening tembung ungal kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 2 maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput, kanthi tinarbuka Ibu Nita ngandharake bedanipun grenda kaliyan ungal.

Ibu Nita : **“grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungal rak gae dhewe seka watu”**

Konteks tuturan bab ungal menika saged dipundadosaken data amargi ingkang ngandharaken menika sampun ahli wonten ing bab ngrumput. Bab menika saged kabuktikaken saking Ibu Nita menika saben dintenipun nyambut damel pados rumput, saha wonten ing griyanipun ketingal wonten piranti ngrumput kados arit kaliyan ungal. Ibu Nita anggenipun ngandharaken bab ungal ugi kanthi lancar boten ketingal bingung.

Tuturan “grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungal rak gae dhewe seka watu” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 2 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun narasumber kaliyan wawan rembag.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos bedanipun ungal kaliyan grenda.
- Act squences inggih menika migunakaken ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab bedanipun ungal kaliyan grenda.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab ungal kanthi tinarbuka saha santai.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register ungal kaliyan grenda, kangge ngandharaken beda ing kekalihipun.
- Norms caranipun ngandharaken ukara deskriptif alus ugi tinarbuka, dipunandharaken kanthi runtut boten kados mikir ananging tetep migunakaken patrap ingkang ramah saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Ungal ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun salah satunggaling piranti ingkang dipunginakaken kangge nglandhepaken arit utawi cengkong. Ungal menika kadamel saking sela cadhas saengga saged pados piyambak. Ungal menika awujud tembung tunggal/lingga, amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang

langkung alit malih. Tuturan ungka l ing nginggil kalebet fungsi informasi, amargi saking tuturan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih ungal menika saged pados piyambak amargi kadamel sela.

6). Grenda

Tuladha panganggening tembung grenda kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 2 maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput, kanthi tinarbuka Ibu Nita ngandharake bedanipun grenda kaliyan ungal.

Ibu Nita : **“grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungal rak gae dhewe seka watu”**

Konteks tuturan bab grenda menika saged dipundadosaken data amargi ingkang ngandharaken menika sampun ahli wonten ing bab ngrumput. Bab menika saged kabuktikaken saking Ibu Nita menika saben dintenipun nyambut damel pados rumput, saha wonten ing griyanipun ketingal wonten piranti ngrumput kados arit kaliyan ungal. Ibu Nita anggenipun ngandharaken bab grenda menika kanthi lancar boten ketingal bingung.

Tuturan “grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungal rak gae dhewe seka watu” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 2 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.

- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos bedanipun ungal kaliyan grenda.
- Act squences inggih menika migunakaken ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab bedanipun ungal kaliyan grenda.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab grenda kanthi tinarbuka saha santai.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register ungal kaliyan grenda, kangge ngandharaken beda ing kekalihipun.
 - Norms caranipun ngandharaken ukara deskriptif alus ugi tinarbuka, dipunandharaken kanthi runtut boten kados mikir ananging tetep migunakaken patrap ingkang ramah saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Grenda ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun salah satunggaling piranti ingkang dipunginakaken kangge nglandhepaken arit utawi cengkong. Grenda menika kasar kadamel saking pasir, saha grenda menika boten saged damel piyambak kedah pados wonten ing peken. Grenda menika awujud tembung tunggal/lingga, amargi sampun boten saged kaperang dados satuan lingual ingkang langkung alit malih. Tuturan grenda ing nginggil kalebet fungsi informasi, amargi saking tuturan ing nginggil saged

dipunmangertosi bilih grenda menika kasar saha boten saged damel piyambak kados ungal ananging kedah pados wonten ing peken.

7). Tali Senar

Tuladha pangengening tembung Tali Senar kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 2 maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

Ibu Nita : **“tali senar ki wujud dhadhung, lajeng ujunge nika dinggekki wesi”**

Konteks tuturan bab tali senar menika saged dipundadosaken data amargi ingkang ngandharaken menika sampun ahli wonten ing bab ngrumput. Bab menika saged kabuktikaken saking Ibu Nita menika saben dintenipun nyambut damel pados rumput, saha wonten ing griyanipun ketingal wonten piranti ngrumput kados arit kaliyan ungal. Ibu Nita anggenipun ngandharaken bab tali senar menika kanthi lancar boten ketingal bingung.

Tuturan “tali senar ki wujud dhadhung, lajeng ujunge nika dinggekki wesi”

menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 2 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos wujudipun tali senar.
- Act sequences inggih menika migunakaken ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab wujudipun tali senar.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab tali senar kanthi tinarbuka saha santai.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register tali senar, kangge ngandharaken wujudipun tali senar.
- Norms caranipun ngandharaken ukara deskriptif alus ugi tinarbuka, dipunandharaken kanthi runtut boten kados mikir ananging tetep migunakaken patrap ingkang ramah saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Tali Senar ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun salah satunggaling piranti ingkang dipunginakaken kangge mbokok pakan sapi kaliyan menda. Tali senar menika ingkang awujud dhadhung, lajeng wonten ing salah satunggaling ujung dhadhung kala wau dipunsukani wesi ingkang dipunbentuk bunder utawi ingkang dipunsebat kolongan. Kolongan menika ancasipun kangge nggampilaken anggenipun mbongkok, amargi dhadhung menika lunyu pramila menawi dipunsukani kolongan dados gampil anggenipun mbongkok.

Tali senar menika awujud tembung kompleks (camboran), inggih menika saking tembung tali kaliyan senar dados tali senar . Tuturan tali senar ing nginggil kalebet fungsi informasi, amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi

bilih tali senar menika wujudipun dhadhung ingkang ujung salah satunggalipun dipunsukani wesi utawi ingkang dipunsebat kolongan.

8).Tali Pring

Tuladha panganggening tembung tali pring kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 02 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan register tiyang ngrumput.
Ibu Nita : **“tali pring** ki pring ditegor, disigar cilik-cilik gek diirati dadi loro **loro”**

Konteks tuturan bab tali pring menika saged dipundadosaken data amargi ingkang ngandharaken menika sampun ahli wonten ing bab ngrumput. Bab menika saged kabuktikaken saking Ibu Nita menika saben dintenipun nyambut damel pados rumput, saha wonten ing griyanipun keningal wonten piranti ngrumput kados arit kaliyan ungal. Ibu Nita anggenipun ngandharaken bab tali pring menika kanthi lancar boten keningal bingung.

Tuturan “tali pring ki pring ditegor, disigar cilik-cilik gek diirati dadi loro-**loro” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:**

- Setting and scene wonten ing tanggal 2 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita kanthi suasana santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangertos kados pundi caranipun damel tali pring.
- Act sequences inggih menika migunakaken ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab caranipun damel tali pring.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab tali pring kanthi tinarbuka saha santai.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register tali pring kangge ngandharaken kados pundi caranipun damel tali pring.
- Norms caranipun ngandharaken ukara deskriptif alus ugi tinarbuka, dipunandharaken kanthi runtut boten kados mikir ananging tetep migunakaken patrap ingkang ramah saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Tali Pring ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun salah satunggaling piranti ingkang dipunginakaken kangge mbokok pakan sapi kaliyan menda. Tali pring menika kadamel saking pring ingkang dipunsigar alit-alit sasampunipun dipunsigar lajeng dipunperang dados kalih.

Tali pring menika awujud tembung kompleks (camboran) inggih menika saking tembung tali kaliyan pring dados tali pring. Tuturan tali pring ing nginggil kalebet fungsi informasi, amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih tali pring menika kadamel saking pring ingkang dipunsigar alit-alit lajeng dipunirati, sasampunipun dipunirati lajeng dipunperang dados kali-kalih.

9). Cangkrang

Tuladha panganggening tembung ca ngkr a ng kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika
dipuntuturaken dening Ibu Sinem
wonten ing griyanipun Ibu Payem
rikala tanggal 27 April 2018.

Ibu Sinem : **“njilih cangkrangmu yem tak nggone ngeruk lethong”**

Ukara “njilih cangkrangmu yem tak nggone ngeruk lethong” menawi
dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 27 April 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem kanthi suasana ingkang akrab ing kekalihipun.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kaliyan Ibu Sinem
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados Ibu Sinem saged nyambut cangkrang kanthi migunakaken ukara pitaken.
- Act sequences inggih menika migunakaken ukara langsung kangge ngandharaken ancasipun Ibu Sinem ingkang badhe ngampil cangkrang.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika panyuwunan supados saged ngampil cangkrang kanthi ukara pitakenan ingkang tinarbuka.
 - Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register cangkrang kangge ngandharaken panyuwunan badhe ngampil cangkrang.
- Norms caranipun ngandharaken ukara pitaken ingkang tinarbuka amargi kekalihipun sampun kekancan raket.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawicantenan ingkang cekak.

Cangkrang ingkang kapanggihaken tegesipun salah satunggaling piranti ingkang dipunginakaken dening tiyang ngrumput kangge ngeruk lethong. Cangkrang menika awujud tembung tunggal/lingga amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit. Cangkrang menika kalebet fungsi informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih cangkrang menika dipunginakaken kangge ngeruk lethong.

2. Kahanan Piranti Ngrumput

Kahanan piranti ngrumput menika kahanan arit utawi cengkong sasampunipun dipunginakaken kangge ngrumput. Data register ingkang kapanggihaken wonten ing kahanan piranti ngrumput menika wonten 3 data register inggih menika tempak, kethul, saha gowang, ing ngandhap menika badhe dipunrembag sedayanipun.

1). Tempak

Tuladha panganggening tembung tempak kados ingkang wonten ing tuturan ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem rikala tanggal 27 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken rikala Ibu Payem badhe ngasah aritipun.

Ibu Payem : **“aritku gur tempak, dinggo ngegres simbok terus iki mesthi”**

Tuturan “aritku gur tempak, dinggo ngegres simbok terus iki mesthi”

menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 27 April 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem kanthi suasana ingkang radi jengkel.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem.

- Ends ingkang kawrat inggih menika ngandharaken kahanan aritipun.
- Act sequences inggih menika migunakaken ukara langsung kangge ngandharaken kahanan aritipun ingkang tempak.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika nyariosaken aritipun ingkang tempak kanthi migunakaken ukara carita.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register tempak.
- Norms caranipun ukara carita menika tinarbuka amargi ing antawisipun Ibu Payem kaliyan simbokipun raket sanget.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawicantenan ingkang cekak.

Tempak wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun kahanan arit utawi cengkrong sasampunipun dipunginakaken kangge ngrumput. Tempak menika cirinipun wonten ing lelandheping arit utawi cengkrong kados mbalik sekedhik wesinipun, saengga boten empan dipunginakaken kangge ngrumput, kedah dipunasah rumiyin.

Tempak awujud tembung tunggal/lingga, amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Adhedhasar tuturan menika, pramila tempak kalebet fungsi personal saha fungsi informasi. Kalebet fungsi personal, amargi tuturan Ibu Payem ingkang criyos bilih aritipun tempak menika awit saking dipunginakaken ngegres dening simbokipun amargi tempak pramila Ibu Payem jengkel. Tuturan menika ugi kalebet fungsi informasi, saking

tuturan menika sajatosipun ngewrat infor ma si bilih arit ingkang tempak menika kedah dipunasah amargi boten empan dipunginakaken kangge ngrumput.

2). Kethul

Tuladha panganggening tembung kethul kados wonten ing tuturan ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sainah rikala tanggal 28 Februari 2018 wonten ing alas. Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sainah rikala piyambakipun nembe ngrumput.

Ibu Sainah : “arit agi dinggo sedhilit we wis **kethul ngasi blag-blug blag-blug ra entuk-entuk”**

Tuturan “arit agi dinggo sedhilit we wis kethul ngasi blag-blug blag-blug ra entuk-entuk” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 28 Februari 2018 wonten ing alas kanthi suasana ingkang radi jengkel.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Sainah kaliyan Dian ingkang nembe observasi.
- Ends ingkang kawrat inggih menika ngandharaken kahanan arit ingkang kethul saengga boten empan namung blag-blug.
- Act squences inggih menika migunakaken ukara langsung kangge ngandharaken kahanan aritipun ingkang kethul.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika nyariosaken aritipun kethul saengga namung blag-blug menawi dipunginakaken kangge ngrumput kanthi migunakaken ukara carita.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register kethul.

- Norms caranipunngandharaken tuturan menika tinarbuka.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawicantenan ingkang cekak.

Kethul wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun kahanan arit utawi cengkroning ingkang sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput. Kethul menika cirinipun menawi dipunginakaken kangge ngrumput swantenipun blag-blug. Kethul awujud tembung tunggal/ lingga amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit. Adhedhasar tuturan menika, kethul kalebet fungsi personal saha fungsi informasi. Kalebet fungsi personal amargi tuturan menika raosipun Ibu Sainah ingkang jengkel awit saking aritipun gampang kethul, ugi kalebet fungsi informasi amargi tuturan menika ngewrat informasi bilih arit ingkang sampun kethul menika sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput, kanthi ciri swantenipun ingkang blag-blug menawi dipunginakaken.

3). Gowang

Tuladha panganggening tembung gowang kados wonten ing tuturan ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 02 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

Ibu Nita : **“gowang** niku rompal, disah dhisik ben ra grathul-**grathul”** Konteks

tuturan bab gowang menika saged dipundadosaken data amargi

ingkang ngandharaken menika sampun ahli wonten ing bab ngrumput. Bab

menika saged kabuktikaken saking Ibu Nita menika saben dintenipun nyambut damel pados rumput, saha wonten ing griyanipun ketingal wonten piranti ngrumput kados arit kaliyan ungal. Ibu Nita anggenipun ngandharaken bab gowang menika kanthi lancar boten ketingal bingung.

Tuturan “gowang niku rompal, disah dhisik ben ra grathul-grathul” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 2 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag cirinipun arit utawi cengkong ingkang gowang.
- Act squences inggih menika migunakaken ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab kahanan piranti ngrumput ingkang gowang.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab gowang kanthi tinarbuka saha santai.
 - Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register gowang kangge ngandharaken cirinipun arit utawi cengkong ingkang gowang.

- Norms caranipun ngandharaken ukara deskriptif alus ugi tinarbuka, dipunandharaken kanthi runtut boten kados mikir ananging tetep migunakaken patrap ingkang ramah saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Kethul wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun kahanan piranti ngrumput ingkang cuwil wonten ing landheping arit utawi cengkong. Arit utawi cengkong ingkang sampun gowang kedah dipunasah supados boten nggrathul-nggrathul menawi dipunginakaken kangge ngrumput. Kethul menika awujud tembung tunggal/lingga amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit. Adhedhasar tuturan menika, pramila gowang kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih gowang menika cuwil wonten ing perangan landheping arit.

3. Cara Nglandhepaken Piranti Ngrumput

Register ingkang dipunpanggihaken wonten ing Cara Nglandhepaken Piranti Ngrumput menika wonten 2 register, inggih menika ngasah kaliyan ngolek . Register wonten ing perangan Cara Nglandhepaken Piranti Ngrumput menawi dipuntingali saking wujudipun, register menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks hanuswara (ng-) wonten ing tembung kolek kaliyan asah. Adhedhasar tuturanipun menawi dipuntingali saking fungsipun kalebet fungsi instrumental. Wonten ing ngandhap menika badhe dipunrebag register ingkang dipunpanggihaken wonten ing Cara Nglandhepaken Gaman.

1). Ngasah

Tuladha panganggening tembung nga sa h kados wonten ing tuturan gandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem ingkang dipunambali dening Ibu Nita saking griyanipun. Griyanipun Ibu Payem kaliyan Ibu Nita menika namung celak. Tuturan menika dipuntuturaken rikala tanggal 1 maret 2018, wonten ing griyanipun Ibu Payem.

Ibu Payem : **“kosik entenana dhilit agi ngasah”**

Tuturan **“kosik entenana dhilit agi ngasah”** menawi dipunanalisis

konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 01 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem kanthi suasana ingkang akrab ing antawisipun Ibu Payem kaliyan Ibu Nita.
-
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados Ibu Nita nengga anggenipun tindak ngrumput amargi Ibu Payem taksih ngasah.
- Act squences inggih menika migunakaken ukara langsung kangge ngandharaken panyuwunan Ibu Payem supados Ibu Nita nengga anggenipun tindak ngrumput amargi taksih ngasah.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika supados Ibu Nita nengga anggenipun tindak ngrumput kanthi migunakaken ukara panyuwunan.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register ngasah kangge ngandharaken panyuwunan dhateng mitra tutur supados nengga anggenipun tindak ngrumput. Participantsingkangwonteninggih menika Ibu Payem saha Ibu Nita.

- Norms ingkang dipunginakaken inggih menika ukara panyuwunan ingkang dipunandharaken kanthi akrab saha tinarbuka.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawicantenan ingkang cekak.

Ngasah wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun nglandhepaken arit utawi cengkong migunakaken ungal utawi grenda. Ngasah menika katindakaken saderengipun tindak ngrumput, menawi nglandhepaken gaman wonten ing kagiyatan ngrumput lajeng boten empan menika dipunsebat ngolek.

Ngasah menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks hanuswara ng+ asah= ngasah. Adhedhasar tuturan ing nginggil ngasah menika kalebet fungsi instrumental amargi saking tuturan menika panutur gadhah ancas supados mitra tuturipun nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur inggih menika supados nengga anggenipun tindak ngrumput.

2). Ngolek

Tuladha panganggening tembung ngolek kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita dhateng Ibu Jumi kaliyan Ibu Payem rikala tanggal 22 Februari 2018 kirang langkung jam 08.15 wonten ing alas ingkang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken awit Ibu Payem nedahaken rumput ingkang kathah dhateng Ibu Nita kaliyan Ibu Jumi ananging aritipun Ibu Nita sampun boten empan, pramila piyambakipun ngolek rumiyin. Tuturan menika dipuntuturaken kanthi akrab saha santai amargi Ibu Nita, Ibu Jumi kaliyan Ibu Payem asring ngrumput sesarengan.

Ibu Nita : **“tak ngolek sik wis ra empan aritku”**

Ukara “tak ngolek sik wis ora empan aritku” menawi dipunanalisis

konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 22 Februari 2018 ing alas ingkang sepi.
- Participants inggih menika tiyang ngrumput, Ibu Nita, Ibu Jumi, kaliyan Ibu Payem.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados nengga anggenipun ngrumput amargi nembe nglandhepaken arit ngginakaken kolek (ngolek).
- Act sequences, kanthi ukara langsung ingkang kalebet basa persuasif ngandharaken panyuwunan supados kancanipun ngrumput nengga anggenipun ngrumput.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab amargi sampun raket, caranipun ngandharaken ugi alus boten meksa, kanthi swanten ingkang radi inggil.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register ngolek kangge ngandharaken bilih Ibu Nita nembe nglandhepaken arit (ngolek).
- Norms ngginakaken ukara panyuwunan supados nengga anggenipun nglajengaken ngrumput amargi nembe ngolek.
- Genres inggih menika pawicantenan ingkang cekak-cekak.
Ngolek ingkang kapanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput ateges nglandhepaken arit utawi cengkong ingkang sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput rikala kagiyatan ngrumput nembe katindakaken. Rikala Ibu Nita menika nembe ngolek panjenenganipun nindakaken kados wonten ing gambar ing nginggil. Ngolek wonten ing register tiyang

ngrumput ing Dhusun Ngangkruk awujud tembung kompleks inggih menika prefiks hanuswara (ng-) wonten ing tembung ngolek. Ngolek saking tembung lingga kolek pikantuk ater-ater hanuswara (ng-) dados {ng-} + kolek = ngolek.

Tembung ngolek wonten ing tuturan ingkang dipuntuturaken tiyang ngrumput ing nginggil gadhahi fungsi instrumental. Fungsi instrumental ingkang wonten ing tembung ngolek amargi saking tuturan penutur gadhah panyuwun supados mitra tuturipun nengga anggenipun mglajengaken ngrumput amargi piyambakipun nembe nglandhepaken aritipun ingkang sampun boten empan.

4. Cara Ngrumput

Register ingkang dipunpanggihaken wonten ing perangan Cara Ngrumput wonten 4 register, inggih menika nyusruk, mecoki, mecoki saha ngegres. Saking 4 register kasebat menawi dipuntingali saking wujud tembungipun wonten tembung kompleks inggih menika prefiks hanuswara (ny-) wonten ing tembung nyusruk, prefiks hanuswara (m-) wonten ing tembung mbabad saha mecoki, prefiks hanuswara (ng-) wonten ing tembung ngegres. Menawi dipuntingali saking fungsipun, register ingkang kapanggihaken kalebet fungsi informasi.

1). Nyusruk

Tuladha panganggening tembung nyusruk kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks :Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sinem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 21 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten ing dalemipun Ibu Sinem ingkang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput. Andharan bab ngrumput dipunandharaken kanthi cara santai ugi tinarbuka.

Ibu Sinem : **“nek nyusruk kae nek ketiga akeh-akehe nyusruk, nek rendeng ora”**

Konteks tuturan menika saged dipundadosaken data amargi ingkang ngandharaken sampun ahli wonten ing perangan ngrumput, saengga mangretos tembung-tembung mligi ingkang dipunginakaken wonten ing padamelan tiyang ngrumput. Bukti ingkang nedahaken bilih Ibu Sinem menika tiyang ngrumput awit saking panaliti sampun kepanggih Ibu Sinem ngrumput, ugi nalika observasi wonten ing griyanipun Ibu Sinem menika wonten maneka warni piranti ngrumput. Boten namung mangretos tembung-tembungipun ananging ugi mangretos ginanipun. Pokok pawicantenan ing nginggil ugi ngrembag ngrumput, tembung-tembung ingkang dipunginakaken menapa ginanipun, saengga pawicantenan menika taksih gayut kaliyan padamelan tiyang ngrumput.

Ukara “nek nyusruk kae nek ketiga akeh-akehe nyusruk, nek rendeng ora” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 21 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Sinem kanthi suasana ingkang tinarbuka saha santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.
- Participants-ipun Ibu Sinem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih supados pewawan rembag mangretos wayah menapa ngrumput kanthi cara nyusruk menika saged katindakaken.
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi wayah ingkang asring dipunginakaken kangge nyusruk.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab caranipun ngandharaken ugi alus, swantenipun netral.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register nyusruk, kangge ngandharaken caranipun ngrumput inggih menika kanthi cara nyusruk.
- Norms ngginakaken ukara deskriptif bab caranipun ngrumput ingkang dipunandharaken kanthi tinarbuka, saha dipunandharaken dening narasumber kanthi lancar boten bingung ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres inggih menika pacelathon bab register tiyang ngrumput.

Nyusruk wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun ngrumput kanthi cara ing ngandhapipun rumput utawi pokipun rumput dipunsusruk ngginakaken arit utawi cengkong, mligi rumput ingkang mrambat wonten ing siti. Rikala observasi, kados wonten ing gambar ing nginggil ketingal caranipun menika ngginakaken arit utawi cengkong sisih nginggil boten nggen lelandheping arit utawi cengkong.

Nyusruk menika awujud tembung kompleks, amargi saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Nyusruk menika kabentuk saking tembung lingga susruk pikantuk ater-ater hanuswara (ny-), (ny-)+ susruk= nyusruk. Nyusruk, menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangretosi bilih nyusruk menika asring katindakaken rikala ketiga.

2). Mbabad

Tuladha panganggening tembung mbabad kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Jumi wonten ing alas rikala tanggal 28 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Jumi rikala badhe tindak ngrumput kaliyan Ibu Payem.

Ibu Jumi : **“sapa sik mbabad suket ngasi resik iki ki?”**

Ukara “sapa sik mbabad suket ngasi resik iki ki?” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 28 April 2018 wonten ing alas kanthi susana ingkang akrab ing antawisipun Ibu Jumi kaliyan Ibu Payem.
- Participants inggih menika Ibu Jumi kaliyan Ibu Payem.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pikantuk wangsulan bab sinten ingkang ngrumput wonten ing papan kasebat ngantos resik anggenipun ngrumput.
- Act sequences inggih menika ukara langsung kangge pikantuk wangsulan saking mitra tuturipun.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab saha tinarbuka.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register mbabad, kangge nyuwun nyuwun pirsu dhateng mitra tuturipun.
- Norms ngginakaken ukara pitaken ingkang akrab saha tinarbuka.
- Genres inggih menika pawicantenan ingkang cekak.

Mbabad wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun ngrumput kanthi cara rumput dipunbabad rumiyin nembe dipuntekem. Tembung mbabad awujud

tembung kompleks prefiks (m-) wonten ing tembung babad. Tembung mbabad kabentuk saking tembung lingga babad pikantuk ater-ater (m-) dados {m-} + babad= mbabad. Tembung mbabad wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk miturut tuturan ing nginggil gadhah fungsi informasi. Kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggaling cara ngrumput suket inggih menika mbabad.

3). Mecoki

Tuladha panganggening tembung mecoki kados wonten ing tuturan ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sainah wonten ing alas rikala tanggal 27 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Ibu Narinem minangka kancanipun ngrumput. Ibu Sainah kaliyan Ibu Narinem menika nembe ngaso saking ngrumput wonten ing plataran ingkang edhum.

Ibu Sainah : “aku mung mecoki godhong telekan dinggo pakan wedhus”

Tuturan “aku mung mecoki godhong telekan dinggo pakan wedhus” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 27 April 2018 wonten ing alas kanthi suasana ingkang akrab.
- Participants inggih menika Ibu Sainah kaliyan Ibu Narinem.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados Ibu Narinem menika mangertos bilih mendanipun Ibu Sainah menika namung dipunpecokaken godhong telekan.
- Act squences inggih menika ukara langsung nyariosaken bilih Ibu Sainah namung mecoki godhongan telekan kangge pakan mendanipun.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika migunakaken ukara carita ingkang akrab saha tinarbuka.
 - Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register mecoki kangge nyariosaken bilih mendanipun namung dipunpakan godhong telekan.
- Norms ngginakaken ukara carita ingkang akrab saha tinarbuka.
- Genres inggih menika pacelathon.

Mecoki wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun salah satunggaling cara ngrumput ingkang dipuntindakaken dening tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk. Cara ngrumput mecoki menika namung mligi kangge ngrumput godhong-godhongan. Tembung mecoki awujud tembung kompleks inggih menika konfiks (m-)+ pecok+ (-i)= mecoki.

Adhedhasar tuturan kasebat, mecoki menika kalebet fungsi informasi saha personal. Kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika ngewrat informasi bilih godhongan menika caranipun ngrumput dipunpecok pramila basanipun Ibu Sainah mecoki. Mecoki ugi kalebet fungsi personal awit saking konteks tuturan kasebat ingkang nyariosaken bilih mendanipun Ibu Sainah namung dipunpecokaken godhong telekan.

4). Ngegres

Tuladha panganggening tembung ngegres kados wonten ing tuturan ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem rikala tanggal 27 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken rikala Ibu Payem badhe ngasah aritipun.
 Ibu Sinem : **“aritku gur tempak, dinggo ngegres simbok terus iki mesthi”**

Tuturan “aritku gur tempak, dinggo ngegres simbok terus iki mesthi” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 27 April 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem kanthi suasana ingkang radi jengkel.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kalian Dian ingkang observasi.
- Ends ingkang kawrat inggih menika kangge ngandharaken bilih arit ingkang dipunginakaken kangge ngegres terus saged tempak.
- Act squences inggih menika migunakaken ukara langsung kangge ngandharaken bilih arit ingkang dipunginakaken kangge ngegres gampil tempak.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika nyariosaken arit ingkang dipunginakaken kangge ngegres gampil tempak kanthi migunkakaken ukara carita.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register ngegres kangge ngandharaken bilih arit ingkang dipunginakaken kangge ngegres gampil tempak.
- Norms caranipun ngandharaken ukara carita menika tinarbuka amargi ing antawisipun Ibu Payem kaliyan simbokipun raket sanget.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawicantenan ingkang cekak.

Ngegres wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun salah satunggaling cara ngrumput. Ngegres menika caranipun, rumput dipungujengi rumiyin nembe

dipungres. Ngegr es menika biasanipun kangge rumput ingkang cekak-cekak. Ngegres awujud tembung kompleks inggih menika prefiks hanuswara (ng-) wonten ing tembung gres. Ngegres saking tembung lingga gres pikantuk ater-ater (ng-). Ngegres menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggaling cara ngrumput menika ngegres, saha arit ingkang dipunginakaken kangge ngegres terus gampil tempak.

5. Jinising Rumput

Jinising rumput menika ingkang kangge pakan sapi inggih menika tetuwuhan ingkang limrah thukul wonten ing ara-ara, lsp utawi ingkang dipensebat rumput. Kajawi kangge pakan sapi, wonten malih ingkang kangge pakan menda inggih menika godhong-godhongan. Saengga data register ingkang kapanggihaken wonten ing jinising rumput menika wonten kalih, inggih menika rumput saha godhongan. Saking 2 data kasebat menawi ditingali saking wujudipun inggih menika wujud tunggal wonten ing tembung rumput saha tembung kompleks sufiks (-an). Fungsi register saking 2 data kasebat inggih menika fungsi informasi. Wonten ing ngandhap menika badhe karembag kekalihipun:

1). Suket

Tuladha panganggening tembung suket kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem wonten ing alas rikala tangga 28 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken rikala piyambakipun badhe pados pakan kangge mendanipun, ananging rikala tindak piyambakipun mirsani rumput ingkang lemu-lemu.

Ibu Payem : **“ngertia aku mau ngarit suket, ning rung duwe godhongan nggo pakan wedhus”**

Tuturan **“ngertia aku mau ngarit suket, ning rung duwe godhongan nggo**

pakan wedhus” menawi dipunanalisis saking konteksipun pramila:

-
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kliyan Dian ingkang nembe observasi.
- Ends ingkang kawrat inggih menika kangge ngandharaken bilih Ibu Payem menika gadhah pepenginan ngrumput suket ingkang lemu-lemu ananging piyambakipun dereng gadhah godhongan kangge pakan menda.
- Act sequences inggih menika migunakaken ukara langsung kangge ngandharaken .pepenginanaipun Ibu Payem ngrumput suket ingkang lemu-lemu.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika nyariosaken bilih Ibu Payem menika pengin ngrumput suket ananging dereng gadhah godhongan kangge pakan menda.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register suket.
- Norms caranipun ngandharaken ukara carita menika tinarbuka.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawicantenan ingkang cekak. Setting and scene wonten ing tanggal 28 April 2018 wonten ing alas.

Suket wonten ing register tiyang ngrumput menika ateges tetuwuhan ingkang limrah thukul wonten ing ara-ara, sawah, tegalan, lsp. Suket menika kangge pakan sapi dene ingkang kangge pakan menda menika godhongan. Suket awujud tembung tunggal/lingga amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit. Adhedhasar tuturan kasebat pramila suket menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih

rumpit menika kangge pakan sapi, ananging godhongan menika kangge pakan menda. Suket ingkang asring dipunrit dening tiyang ngrumpit wonten 7 inggih menika: alang-alang, klolor, suket gajahan, mbesen, blembem, othok kowok, saha kalanjana.

2). Godhongan

Tuladha panganggening tembung godhongan kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem wonten ing alas rikala tangga 28 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken rikala piyambakipun badhe pados pakan kangge mendanipun, ananging rikala tindak piyambakipun mirsani rumput ingkang lemu-lemu.
 Ibu Payem : **“ngertia aku mau ngarit suket, ning rung duwe godhongan nggo pakan wedhus”**

Tuturan “ngertia aku mau ngarit suket, ning rung duwe godhongan nggo pakan wedhus” menawi dipunanalisis saking konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 28 April 2018 wonten ing alas.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem.
- Ends ingkang kawrat inggih menika kangge ngandharaken bilih Ibu Payem menika gadhah pepenginan ngrumpit suket ingkang lemu-lemu ananging piyambakipun dereng gadhah godhongan kangge pakan menda.
- Act squences inggih menika migunakaken ukara langsung kangge ngandharaken .pepenginanaipun Ibu Payem ngrumpit suket ingkang lemu-lemu.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika nyariosaken bilih Ibu Payem menika pengin ngrumput suket ananging dereng gadhah godhongan kangge pakan menda.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register suket.
- Norms caranipun ngandharaken ukara carita menika tinarbuka.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika ukara pawicantenan ingkang cekak.

Godhongan ingkang wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun godhong-godhongan saking wit ingkang asring kangge pakan menda. Godhongan menika kalebet tembung kompleks sufiks (-an) inggih menika godhong+ -an= godhongan. Adhedhasar saking tuturan kasebat pramila godhongan kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika kangge pakan sapi, dene godhongan kangge pakan menda. Tuladha godhongan menika kados godhong leresedhe, godhong nangka, godhong maoni, godhong sengan, godhong tela, godhong kalendra, godhong telekan, tebon, godhong gedhang, saha godhong mlandhing.

6. Caranipun Nata Rumput

Register ingkang dipunpanggihaken wonten ing perangan Cara Nata Rumput menika wonten 5 register, inggih menika dijuju, diumpang, dikecuk, dipapak, dipagolke. Saking 5 register kasebat menawi dipuntingali saking wujud tembungipun, 5 register kasebat awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung dijuju, diumpang, dikecuk, kaliyan dipapak, dene

register dipagolke awujud tembung kompleks inggih menika konfiks (di-) + (ke-).

Menawi dipuntingali saking fungsipun register ingkang dipunpanggihaken wonten ing perangan Cara Nata menika kalebet fungsi informasi, heuristik, kaliyan instrumental.

1). Diuju

Tuladha panganggening tembung diuju kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 25 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten ing dalemipun Ibu Payem ingkang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput. Pangretosan bab diuju menika dipuntuturaken kanthi tinarbuka ugi cetha dening Ibu Payem.

Ibu Payem : **“sukete diuju** niku disukakke teng kranjang, terus dinet ngangge **arit”**

Ukara “sukete diuju niku disukakke teng kranjang, terus dinet ngangge arit”

menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos nata rumput kanthi cara diuju.
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab nata rumput kanthi cara diuju.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab dijuju kanthi wonten obahing asta kangge paring gambaran caranipun nata rumput kanthi dijuju, swantenipun netral.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register dijuju kangge ngandharaken caranipun nata rumput inggih menika dijuju.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka, anggenipun ngandharaken lancar boten wonten patrap ingkang nedahaken wonten ingkang dipunpikir ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon bab register tiyang ngrumput.

Dijuju wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun nglebetaken rumput wonten kranjang ngginakaken arit. Katrangan menika jumbuh kaliyan ingkang dipunpanggihaken panaliti rikala observasi, inggih menika tiyang ngrumput ingkang nembe nata rumput ngginakaken kranjang ketingal nindakaken kados wonten ing gambar. Caranipun rumput dijuju inggih menika rumput dipunlebetaken wonten kranjang kanthi cara dipuntekuk rumputipun ngginakaken arit kados wonten ing gambar ing nginggil. Tembung dijuju wonten ing panaliten menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung dijuju.

Dijuju kabentuk saking tembung lingga juju pikantuk ater-ater (di-) dados {di-} + juju= dijuju. Dijuju wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk gadhah fungsi Informasi. Saking tuturan ingkang narasumber ing

ninggil saged dipunmangretosi bilih dijuju inggih menika nglebetaken rumput wonten kranjang kanthi cara dipuntekuk ngginakaken arit.

2). Diumpang

Tuladha panganggening tembung diumpang kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 25 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten ing dalemipun Ibu Payem ingkang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput. tuturan dipuntuturaken kanthi tinarbuka, akrab ugi kanthi ngobahaken tanganipun kangge paring tuladha.

Narasumber : **“diumpang** niku mengkihi nginggile ngge jujon wau disukanipangkusaha sepangkul mangkih dikecuk kados sami, lajeng ditali nek pun kathah pun kebak kranjange”

Ukara **“diumpang** niku mengkihi nginggile nggen jujon wau disukani pangkusaha sepangkul mangkih dikecuk kados sami, lajeng ditali nek pun kathah **pun kebak kranjange”** menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos caranipun nata rumput kanthi cara diumpang.
- Act sequences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab caranipun nata rumput kanthi cara diumpang.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab diumpang kanthi tinarbuka saha santai, swantenipun netral.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register diumpang, kangge ngandharaken caranipun nata .
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka, anggenipun ngandharaken lancar boten bingung saged spontan menawi diunsuwuni pirsabab ngrumput ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon bab register tiyang ngrumput.

Diumpang ingkang dipunpangihaken wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun nyukakaken rumput wonten ing sanginggilipun kranjang ingkang sampun dipunjuju, menawi sampun pikantuk kathah lajeng dipuntali supados boten wutah menawi dipunbekta. Tembung diumpang awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung diumpang. Diumpang saking tembung lingga umpang pikantuk ater-ater (di-) dados {di-} + umpang= diumpang.

Diumpang wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk gadhah fungsi informasi caranipun nata rumput. Saking tuturan ingkang dipunandharaken dening narasumber kasebat saged mangretosi bilih diumpang inggih menika nyukakaken rumput wonten ing sanginggilipun kranjang ingkang sampun dipunjuju.

3). Dipagolke

Tuladha panganggening tembung dipa golke kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Sinem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 21 Februari 2018 wonten ing dalemipun Ibu Sinem ingkang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput. Tuturan pangretosan dipagolke menika dipuntuturaken kanthi tinarbuka kaliyan santai.

Narasumber : “kui **dipagolke**. Dokokke nggon nggalengan apa nggon **sing dhuwur**”

Ukara “kui dipagolke. Dokokke nggon nggalengan apa nggon sing dhuwur”

menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 21 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Sinem ingkang sepi.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Sinem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos caranipun nata rumput kanthi cara dipagolke.
- Act sequences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab nata rumput kanthi cara dipagolke.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab nata rumput ingkang dipagolke kanthi tinarbuka saha santai, swantenipun netral.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register dipagolke kangge ngandharaken salah satunggaling caranipun nata rumput

- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka, anggenipun ngandharaken bab dipagolke menika menika lancar, spontan anggenipun mangsuli pitakenan saking piwawan rembag annaging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon ingkang ngrembag bab regiter tiyang ngrumput.

Dipagolke wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun, nyukakaken rumput ingkang sampun dipunbongkok utawi sampun dipuntata ing kranjang, wonten ing nggalengan utawi papan ingkang inggil supados gampang anggenipun njunjung. Tembung dipagolke wujud tembungipun inggih menika tembung kompleks konfiks (di-)+ (-ke).

Tembung dipagolke kabentuk saking tembung lingga pagol pikantuk ater-ater (di-) kaliyan panambang (-ke) dados {di-}+ pagol+ {-ke}= dipa golke. Dipagolke wonten ing register tiyang ngrumput kalebet fungsi informasi. Saking tuturan narasumber ing nginggil saged dipunmangretosi bilih dipagolke menika nyukakaken gawan ruput wonten ing nggalengan utawi papan ingkang inggil.

4). Dikecuk

Tuladha panganggening tembung dikecuk kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Dening Ibu Nita dhateng Ibu Payem rikala kekalihipun sampun pikantuk rumput anggenipun sami ngrumput. tuturan menika dipuntuturaken tanggal 22 Februari 2018 kirang langkung jam 08.45 wonten ing alas ingkang sepi. Tuturan dipuntuturaken kanthi akrab saha santai amargi kekalihipun asring ngrumput sesarengan.

Tiyang Ngrumput : **“iki arep dikecuk apa dipapak wae mbak?”**

Ukara “iki arep dikecuk apa dipapak wae mbak?” menawi dipuna na lisis

konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 22 Februari 2018 ing alas ingkang sepi.
- Participants inggih menika tiyang ngrumput Ibu Nita kaliyan Ibu Payem.
- Ends ingkang kawrat inggih menika pikantuk wangsulan saking Ibu Payem bilih rumputipun badhe dikecuk menapa dipapak supados enggal saged dipuntata.
- Act sequences kanthi migunakaken ukara langsung, Ibu Nita nyuwun pirsu dhateng Ibu Payem rumputipun badhe dikecuk menapa dipapak supados enggal dipuntata menawi sampun pikantuk wangsulan saking Ibu Payem.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab amargi sampun kekancan raket ing kekalihipun, caranipun ngandharaken kanthi swanten netral.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register dikecuk kaliyan dipapak kangge pikantuk wangsulan rumput badhe dipuntata kanthi cara menapa dikecuk.
- Norms ngginakaken ukara pitaken, dipunandharaken kanthi santai saha tinarbuka.
- Genres inggih menika pawicantenan bab ngrumput.

Dikecuk ingkang wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk ateges nata rumput ingkang badhe dipunbongkok kanthi cara ingkang pucuk sukakke pok ingkang pok sukakke pucuk. Kados ingkang dipunandharaken narasumber CLW 02 **ingkang ngandharaken bab dikecuk**: “sing ngepok kekke

pucuk, sing pucuk kekke ngepok niku namine dikecuk". Tembung dikecuk awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung dikecuk. Dikecuk saking tembung lingga pikantuk ater-ater (di-) dados {di-} + kecuk= dikecuk.

Dikecuk wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk gadhah fungsi heuristik/pemecah masalah. Saking tuturan ing nginggil penutur mbetahaken wangsusaha saking mitra tutur bilih rumput dipunkecuk menapa dipunpapak. Penutur nyuwun pirsaa dhateng mitra tuturipun amargi sejatosipun boten sedaya rumput menika saged dipunpapak, ingkang saged dipunpapak namung rumput ingkang panjang-panjang utawi pakan saking godhong-godhongan saengga ingkang radi cekak saenipun dipunkecuk.

5). Dipapak

Tuladha panganggening tembung dipapak kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Dening Ibu Nita dhateng Ibu Payem rikala kekalihipun sampun pikantuk rumput anggenipun sami ngrumput. tuturan menika dipuntuturaken tanggal 22 Februari 2018 kirang langkung jam 08.45 wonten ing alas ingkang sepi. Tuturan dipuntuturaken kanthi akrab saha santai amargi kekalipun asring ngrumput sesarengan.

Tiyang Ngrumput : **“iki arep dikecuk apa dipapak wae mbak?”**

Ukara “iki arep dikecuk apa dipapak wae mbak?” menawi dipunanalisis

konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 22 Februari 2018 ing alas ingkang sepi.
- Participants inggih menika tiyang ngrumput Ibu Nita kaliyan Ibu Payem.

- Ends ingkang kawrat inggih menika pikantuk wangslan saking Ibu Payem bilih rumputipun badhe dikecuk menapa dipapak supados enggal saged dipuntata.
- Act sequences kanthi migunakaken ukara langsung, Ibu Nita nyuwun pirsu dhateng Ibu Payem rumputipun badhe dikecuk menapa dipapak supados enggal dipuntata menawi sampun pikantuk wangsulan saking Ibu Payem.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab amargi sampun kekancan raket ing kekalihipun, caranipun ngandharaken kanthi swanten netral.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register dikecuk kaliyan dipapak kangge pikantuk wangsulan rumput badhe dipuntata kanthi cara menapa dikecuk.
- Norms ngginakaken ukara pitaken, dipunandharaken kanthi santai saha tinarbuka.
- Genres inggih menika pawicantenan bab ngrumput.

Dipapak wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun nata rumput utawi pakan kanthi cara ingkang pok dipunsukakaken pok ingkang pucuk sami wonten pucuk, dados boten dipunsisahag-sisahag kados dipunkecuk. Dipapak ingkang dipunpanggihaken awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung dipapak. Dipapak saking tembung lingga papak pikantuk ater-ater (di-) dados {di-} + papak= dipapak.

Dipapak wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk gadhah fungsi heuristik utawi pemecah masalah. Gadhah fungsi heuristik utawi pemecah masalah amargi boten sedaya rumput utawi pakan saged dipunpapak, ingkang

saged dipunpapak namung rumput ingkang panjang-panjang utawi godhong-godhongan kados ingkang wonten ing gambar.

7. Papan saha Kahanan Papan Ngrumput

Register ingkang dipunpanggihaken wonten ing Papan saha Kahanan Papan Ngrumput wonten 3 inggih menika disaweni, kepleh, ara -ara. Disaweni kaliyan kepleh menika kahanan papan ngrumput, dene ingkang ara -ara menika papan ngrumput. Register wonten ing perangan Papan saha Kahanan Papan Ngrumput menika menawi dipuntingali saking wujud tembungipun, awujud tembung kompleks inggih menika konfiks (di-)+ (-i) wonten ing tembung disaweni, tembung lingga wonten ing tembung kepleh, kaliyan tembung rangkep dwilingga wonten ing tembung ara-ara. Saking 3 register kasebat menawi dipuntingali saking fungsipun kalebet fungsi informasi saha fungsi personal, wonten ing ngadhap menika badhe karembag sedayanipun.

1). Disaweni

Panganggening tembung disaweni kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Narinem dhateng Bp. Satimin rikala tanggal 23 Februari 2018 kirang langkung jam 07.30 wonten ing ngalas. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Bp. Satimin minangka kancanipun ngrumput. tuturan menika dipuntuturaken kanthi raos ingkang radi kuciwa amargi menawi kathah papan ngrumput ingkang dipunsaweni dados awrat anggenipun ngrumput.

Tiyang ngrumput : **“Iha tegalan ki saiki gur disaweni kabeh”**

Ukara “Iha tegalan ki saiki gur disaweni kabeh” menawi dipunanalisis

konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 23 Februari 2018 ing alas.
- Participants inggih menika tiyang ngrumput Ibu Narinem kaliyan Bp. Satimin.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados Bp. Satimin menika mangretos bilih tegalan menika sampun disaweni sedaya dening ingkang gadhah tegal.
- Act sequences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi dhateng Bp. Satimin bilih tegasaha samenika sampun disaweni sedaya dening ingkang gadhah tegal.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab caranipun ngandharaken ngginakaken suanten ingkang radi gela, radi kuciwa.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register disaweni, kangge paring informasi kahanan papan ngrumput.
- Norms ingkang kagambaraken ngandharaken ukara menika kanthi suanten ingkang katon jengkel patrapipun ugi biasa.
- Genres inggih menika pawicantenan ingkang cekak-cekak.

Disaweni wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun paring tetenger wonten ing papan ngrumput supados boten dipunrumput dening tiyang sanes. Tetenger menika saged saking rumput asahag-asahag kados wonten ing gambar, saged ugi ngginakaken plastik. Tetenger rumput asahag-asahag utawi plastik wau dipuntalekaken wonten ing kajeng lajeng dipuntancepaken wonten ing papan rumput ingkang boten angsal dipunrumput.

Tembung disaweni awujud tembung kompleks konfiks (di-)+ (-i) wonten ing tembung disaweni. Disaweni kabentuk saking tembung lingga sawen pikantuk ater-ater (di-) kaliyan panambang (-i) dados {di-}+ sawen+ {-i}= disaweni.

Tembung disa weni miturut tuturan ing nginggil gadhah fungsi informasi. Saking tuturan kasebat saged dipunmangretosi bilih kahanan samenika kathah papan ngrumput ingkang dipunsaweni, mliginipun wonten ing tegalan.

2). Ara-ara

Tuladha panganggening tembung ara-ara kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dening Ibu Rabinem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 3 Maret 2018 kirang langkung jam 12.30 wonten ing dalemipun Ibu Rabinem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag. Tuturan dipuntuturaken kanthi akrab, santai ugi tibarbuka.

Ibu Rabinem: “**ara-ara** ki ya sing ora enek tandurane gur suket, iki nek ketok ko kono karo nyekel rambutan ya aro mangan ya nggag apa-apa ya, **makan rambutan**”

Ukara “**ara-ara** ki ya sing ora enek tandurane gur suket, iki nek ketok ko kono karo nyekel rambutan ya aro mangan ya nggag apa-apa ya, makan **rambutan**” **menawi dipunanalisis** konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 3 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Rabinem.
- Participants inggih menika Ibu Rabinem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos tegesipun ara-ara.
- Act squences ingih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi dhateng peawawan rembag bab pangretosan ara-ara.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab caranipun ngandharaken ugi santai, swantenipun netral.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register ara-ara kangge ngandharaken papan ngrumput.
 - Norms ngginakaken ukara deskriptif kanthi akrab saha tinarbuka, anggenipun ngandharaken lancar boten kados mikir saha saged spontan anggenipun paring wangsulan ananging tetep migunakaken patrap ingkang ramah.
- Genres inggih menika pacelathon bab register tiyang ngrumput.

Ara-ara wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun papan ngrumput ingkang boten wonten tanemanipun namung rumput kemawon. Tembung ara-ara awujud tembung kompleks inggih menika kata usahag/ tembung rangkep dwilingga saking tembung lingga ara dados ara -ara. Tembung ara -ara kalebet fungsi informasi inggih menika informasi bab papan ngrumput ingkang boten wonten tanemanipun ingkang dipunsebat ara-ara. Kajawi ara-ara tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk ugi ngrumput wonten ing tegasaha utawi sawah.

3). Bun

Tuladha panganggening tembung bun kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dening Bp. Satimin wonten ing alas rikala badhe tindak ngrumput tanggal 23 Februari 2018 kirang langkung jam 07.45. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Ibu Puji ingkang sampun ngrumput rumiyin. Tuturan menika dipuntuturaken kanthi raos ingkang radi bingung amargi rumputipun sami kepleh.

Tiyang ngrumput: “hoh arep ngarit turut ngendi iki, gur bun ngene iki”

Ukara “hoh arep ngarit turut ngendi iki, gur bun ngene iki” menawi

dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene inggih menika wonten ing tanggal 23 Februari 2018 ing alas.
- Participants inggih menika tiyang ngrumput Bp. Satimin kaliyan Ibu Puji.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados Ibu Puji menika mangretos bilih Bp. Satimin nembe bingung badhe ngrumput wonten pundi, amargi sedaya rumput taksih kepleh/kathah bun utawi toyanipun, amargi bibar jawah.
- Act squences inggih menika ukara langsung ngandharaken dhateng Ibu Puji bilih piyambakipun nembe bingung badhe ngrumput wonten pundi amargi taksih bun rumputipun.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika akrab caranipun ngandharaken tinarbuka migunakaken swanten ingkang biasa.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register bun kangge ngandharaken kahanan papan ngrumput.
- Norms nggikaken ukara andharan kanthi tinarbuka kanthi patrap ingkang biasa.
- Genres inggih menika pawicantenan.

Bun wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk tegesipun kahanan rumput ingkang taksih teles amargi bibar jawah utawi taksih enjing. Bun awujud tembung tunggal, saengga boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Tembung bun wonten ing register tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk gadhah fungsi personal. Saking tuturan kasebat saged dipunmangretosi bilih Bp. Satimin menika criyos dhateng ibu Jumi bilih piyambakipun bingung badhe ngrumput dhateng pundi amargi rumputipun bun.

8. Kathahipun Rumput

Data register ingkang dipunpangguhaken wonten ing perangan kathahipun rumput inggih menika wonten 5 data register inggih menika sapangkal, sabongkok, saperes, sajuju, saha saumpang. Data register kasebat awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (sa -) wonten ing tembung pangkul, bongkok, peres, juju, saha umpang. Menawi dipuntingali fungsipun saking 5 data register kasebat pramila kalebet fungsi informasi. Wonten ing ngandhap menika badhe karembag sedayanipun:

1). Sapangkal

Tuladha panganggening tembung sapangkal kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

Ibu Payem : **“mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkal dados sebongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke”**

Tuturan “mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkal dados sebongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.

- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos urutaning kathahipun rumput.
- Act sequences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab urutaning kathahipun rumput.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab urutaning kathahipun rumput.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register sabongkok.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka, anggenipun ngandharaken lancar boten bingung saged spontan menawi diunuwuni pirsaa bab ngrumput ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon bab register tiyang ngrumput.

Sapangkal ingkang kapanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput inggih menika kathahipun rumput ingkang dipunukur mawi pangkulan. Setunggal pangkulan menika ingkang dipunsebat sapangkal. Sapangkal menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (sa -) wonten ing tembung pangkul dados sapangkal. Adhedhasar tuturan kasebat pramila sapangkal menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih

rumpit menika mangkih dipunkempalaken sapngkul-sapangkul nembe dipunbongkok utawi dipunlenbetaken kranjang.

2). Sabongkok

Tuladha panganggening tembung sa bongkok inggih menika kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

Ibu Payem : **“mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkul dados sabongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke”**

Tuturan “mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkul dados sabongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke”

menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi kanthi suasana ingkang santai ing antawisipun narasumber kaliyan pewawan rembag.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos urutaning kathahipun rumput.
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab urutaning kathahipun rumput.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bab urutaning kathahipun rumput.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register sabongkok kangge ngandharaken kathahipun rumput.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka, anggenipun ngandharaken lancar boten bingung saged spontan menawi diunswuni pirsabab ngrumput ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon bab register tiyang ngrumput.

Sabongkok wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun kathahipun rumput sasampunipun dipuntata mawi tali. Sabongkok menika biasanipun saking 4-5 pangkulan gumantung ingkang ngrumput ugi. Sabongkok awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (sa -) wonten ing tembung bongkok dados sabongkok. Adhedhasar tuturan kasebat pramila sabongkok kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika mangkih dipunkempalaken sapangkul-sapangkul nembe dipunbongkok utawi dipunlenbetaken kranjang.

3). Saperes

Tuladha panganggening tembung saperes kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Saginem dhateng Ibu Parti rikala tanggal 20 Maret 2018 wonten ing alas. Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Saginem rikala mangsuli pitakenanipun Ibu Parti ingkang nembe tindak pados rumput dene Ibu Saginem sampun ngrumput radi dangu.

Ibu Saginem : **“entuk apa yaaa, wong agi entuk saperes kranjang”**

Tuturan “entuk apa yaaa, wong agi entuk saperes kranjang”

menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 20 Maret 2018 wonten ing alas kanthi suasana ingkang akrab.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Saginem kaliyan Ibu Parti.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados mitra tutur mangertos bilih Ibu Saginem taksih pikantuk saperes kranjang.
- Act squences inggih menika ukara langsung kangge paring informasi bab kathahing pikantukipun rumput.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken bilih nembe pikantuk rumput saperes kanthi ukara langsung.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register saperes kangge ngandharaken bilih nembe pikantuk rumput saperes kranjang.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka saha akrab, amargi ing kekalihipun sampun tepang raket.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pawicantenan ingkang cekak.
Saperes inggih menika kathahipun rumput ingkang dipunsukaken wonten ing kranjang. Kathahipun inggih menika, rumputipun sampun papak wonten ing blengkering kranjang, menika ingkang dipunsebat saperes. Saperes menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (sa-) wonten ing tembung peres dados saperes. Adhedhasar tuturan kasebat pramila saperes menika kalebet fungsi informasi, amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput

ingkang dipuntata wonten ing kranjang menika wonten mapinten-pinten salah satunggalipun saperes, mangkih sajuju, salajengipun saumpang.

4). Sajuju

Tuladha panganggening tembung sa juju kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 28 April 2018 wonten ing alas. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka panaliti register tiyang ngrumput, nalika Dian menika nderek ngrumput kangge observasi ngempalaken data.

Ibu Payem : “iya, nek wis dijuju ki jenenge sajuju”

Tuturan “iya, nek wis dijuju ki **sajuju**” menawi dipunanaisis jenenge

konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 28 April 2018 wonten ing alas kanthi suasana ingkang santai.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kaliyan Dian.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados mitra tutur mangertos sepinten sajuju menika.
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab sajuju.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken kathahipun rumput sajuju.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register sajuju.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pawicantenan ingkang cekak.

Sajuju ingkang dipunpanggihaken wonten ing register tiyang ngrumput inggih menika kathahipun rumput wonten ing kranjang sasampunipun dipunjuju. Sajuju menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (sa -) wonten ing tembung juju dados sajuju. Adhedhasar tuturan menika pramila sajuju kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih kranjang ingkang sampun dijuju menika kathahipun rumput sajuju.

5). Saumpang

Tuladha panganggening tembung saumpang kados wonten ing ngandhap menika:

- Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 28 April 2018 wonten ing alas. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka panaliti register tiyang ngrumput, nalika Dian menika nderek ngrumput kangge observasi ngempalaken data.
- Ibu Payem : **“dadi, nek sukete wis tekan nggon blengker sik dhuwur kui saperes, nek wis dijuju sajuju, nek wis diumpang kui wis saumpang”**

Tuturan “dadi, nek sukete wis tekan nggon blengker sik dhuwur kui saperes, nek wis dijuju sajuju, nek wis diumpang kui wis saumpang” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 28 April 2018 wonten ing alas kanthi suasana ingkang santai.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kaliyan Dian.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados mitra tutur mangertos sepinten saumpang menika.
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab saumpang.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken kathahipun rumput saumpang.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register saumpang.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pawicantenan ingkang cekak.

Saumpang ateges kathahipun rumput ingkang dipunlebetaken wonten ing kranjang sabibaripun diumpang. Saumpang menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (sa -) wonten ing tembung umpang dados saumpang. Adhedhasar tuturan kasebat pramila saumpang menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih saumang menika salah satunggaling kathahipun rumput ingkang dipuntata migunakaken kranjang.

9. Caranipun Mbekta Rumput

Data register ingkang kapanggihaken wonten ing perangan caranipun mbekta rumput menika wonten kalih data register inggih menika digendhong kaliyan disunggi. Saking kalih data kasebat menawi dipuntingali saking wujudipun, awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung gendhong kaliyan sunggi. Adhedhasar tuturanipun, 2 data register kasebat kalebet fungsi informasi. Wonten ing ngandhap menika badhe karembag kekalhipun.

1). Digendhong

Tuladha panganggening tembung digendhong kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dain minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

Ibu Payem : **“mengkih gek digendhong saged, disunggi saged”**

Tuturan **“mengkih gek digendhong saged, disunggi saged”** menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kaliyan Dian.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados mitra tutur mangertos bilih gawan rumput menika caranipun mbekta inggih menika saged digendhong utawi disunggi
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang nikalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab saumpang.pun mbekta rumput saged dipungendhong saged ugi dipunsunggi.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken caranipun mbekta rumput.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register digendhong.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Digendhong wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun salah satunggaling cara kangge mbekta rumput dhateng griyanipun piyambak-piyambak sasampunipun pikantuk rumput. Digendhong menika cara mbekta

ingkang dipuntindakaken dening para ibu-ibu, ananging wonten ing Dhusun Ngangkruk menika ibu-ibu boten namung nggendhong ananging ugi nyunggi. Digendhong, awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung gendhong dados digendhong. Adhedhasar tuturanipun, digendhong menika kalebet fungsi informasi, amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun bekta rumput menika saged dipungendhong utawi disunggi.

2). Disunggi

Tuladha panganggening tembung disunggi kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dain minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

Ibu Payem : **“mengkih gek digendhong saged, disunggi saged”**

Tuturan **“mengkih gek digendhong saged, disunggi saged”** menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kaliyan Dian.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados mitra tutur mangertos bilih gawan rumput menika caranipun mbekta saged digendhong utawi disunggi
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang nikalebet basa ekspositoris kangge paring informasi bab saumpang.pun mbekta rumput saged dipungendhong saged ugi dipunsunggi.

- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaken caranipun mbekta rumput.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register disunggi.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka saha santai.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon.

Disunggi wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun salah satunggaling cara mbekta rumput sabibaripun pikantuk gawan rumput badhe dipunbekta wangsul. Disunggi menika awujud tembung kompleks inggih menika prefiks (di-) wonten ing tembung sunggi dados disunggi. Adhedhasar tuturanipun, disunggi menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun bekta rumput menika saged dipungendhong utawi disunggi.

10. Caranipun Nyukaken Pakan Dhateng Kewan

Data register ingkang kapanggihaken wonten ing perangan caranipun nyukakaken pakan dhateng kewan menika wonten 2, inggih menika brukki saha digandhulke. Kalih data kasebat awujud tembung kompleks inggih menika sufiks (-i) wonten ing tembung bruk dados brukki, saha kompleks konfiks (di-) + gandhul + (-ke) dados digandhulke. Saking kekalih data kasebat menawi dipuntingali saking fungsipun, 2 data kasebat kalebet fungsi informasi. Wonten ing ngandhap menika badhe karembag sedayanipun.

1). Brukki

Tuladha panganggening tembung br ukki kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 25 April 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem dhateng garwanipun Bp. Eko.

Ibu Payem : “nggon sapi ngke wis ta brukki suket neh urung pak?”

Tuturan “nggon sapi ngke wis ta brukki suket neh urung pak?” menawi

dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 April 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kaliyan Bp. Eko.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados panutur pikantuk wangsulan saking panutur, menawi dereng dipunbrukki badhe dipunsukani pakan dening Ibu Payem.
- Act squences inggih menika ukara kanthi migunakaken ukata pitaken.
- Key ingkang kagambaraken inggih menika nuwun pirsu sapi sampun dipunpakan/dibrukki menapa dereng migunakaken ukara pitaken.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register brukki.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka saha akrab.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pawicantenan ingkang cekak
Brukki ingkang kapanggihaken wonten ing register tiyang ngrumpud menika ateges salah satunggaling cara makan sapi. Brukki menika caranipun namung

nyukakaken rumput wonten ing wadhah pakan sangajengipun sapi. Tembung brukki menika awujud tembung kompleks inggih menika sufiks (-i) wonten ing tembung br uk dados br ukki. Adhedhasar tuturanipun br ukki menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun paring pakan sapi menika kanthi cara dibrukaken beda kaliyan caranipun nyukani pakan menda ingkang digandhulke.

2). Digandhulke

Tuladha panganggening tembung digandhulke kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

Ibu Payem : **“mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkal dados sebongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke”**

Tuturan “mung dipecok jres ngaten mawon lajeng diklumpukke sapangkal dados sebongkok mengkih ditata mantuk disukakke wedhus digandhulke”

menawi dipunanalisis konteksipun pramila:

- Setting and scene wonten ing tanggal 25 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput kaliyan Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.

- Ends ingkang kawrat inggih menika supados pewawan rembag mangretos bilih menawi sampun pikantuk pakan lajeng dipunbekta mantuk disukkae menda menika kanthi cara digandhulke.
- Act squences inggih menika ukara langsung ingkang kalebet basa ekspositoris
- Key ingkang kagambaraken inggih menika migunakaken ukara deskriptif.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register digandhulke.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka, anggenipun ngandharaken lancar boten bingung saged spontan menawi diunuwuni pirsu bab ngrumput ananging tetep migunakaken patrap ingkang santun saha ramah.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pacelathon bab register tiyang ngrumput.

Digandhulke wonten ing register tiyang ngrumput tegesipun nyuakani pakan dhateng menda kanthi cara pakanipun dipunbongkok lajeng dipungandhulke radi inggil sekedhik, menika supados boten dipunidak-idak dening menda. Tembung digandhulke menika awujud tembung kompleks inggih menika konfiks (di-) + gandhul + (-i) dados digandhulke. Adhedhasar tuturanipun digandhulke menika kalebet fungsi informasi amargi saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih caranipun nyukani pakan menda menika kanthi cara digandhulke, supados pakanipun boten dipunidak-idak menda.

11. Sisaning Pakan Sapi kaliyan Menda

Data register ingkang kapanggihaken wonten ing sisaning pakan sapi kaliyan menda menika wonten 1, inggih menika rapen. Tembung kasebat awujud

tembung tunggal saha adhedhasar tuturanipun tembung rapen kasebat kalebet tembung personal saha informasi. Wonten ing ngandhap menika badhe karembag kanthi tuntas.

1). Rapen

Tuladha panganggening tembung rapen kados wonten ing ngandhap menika:

Konteks : Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem rikala tanggal 26 April 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Ibu Sinem, rikala Ibu Sinem dolan dhateng Griyanipun Ibu Payem.

Ibu Payem : **“rapen** ku nggon sapi okeh banget sedina ra diguwak wae, ngasi **kesel sik njupuki”**

Tuturan “rapen ku nggon sapi okeh banget sedina ra diguwak wae, ngasi **kesel sik njupuki” menawi dipunanalisis konteksipun pramila:**

- Setting and scene wonten ing tanggal 26 April 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem.
- Participants ingkang wonten inggih menika Ibu Payem kaliyan Ibu Sinem.
- Ends ingkang kawrat inggih menika supados mitra tutur mangertos bilih rapenipun Ibu Payem kathah ngantos sayah anggenipunmendheti.
- Act squences inggih menika ukara langsung kangge ngandharaken bilih rapenipun kathah amargi wiwit kalawingi boten dipendheti..
- Key ingkang kagambaraken inggih menika ngandharaekn bilih rapenipun kathah sanget knthi migunakaken ukara langsung.
- Instrumentalities inggih menika ragam lisan kanthi migunakaken register rapen.
- Norms caranipun ngandharaken tinarbuka saha akrab.
- Genres ingkang dipunginakaken inggih menika pawicantenan ingkang cekak

Rapen wonten ing register tiyang ngrumput ateges sisaning pakan ingkang boten dipunpangan dening sapi utawi menda. Rapen menika awujud tembung tunggal amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Adhedhasar tuturanipun rapen menika kalebet fungsi personal saha informasi. Kalebet fungsi personal amargi amargi kajawi kita sgaed mangertosi bilih rapen menika sisaning pakan sapi utawi menda ingkang boten dipunpangan, tuturan menika ugi nyariosaken sayahipun Ibu Payem anggenipun mendheti rapen kasebat.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken wonten ing bab IV, pramila saged dipunpendhet dudutan bilih wonten ing padamelan tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul wonten mapinten-pinten r egister, wujud r egiter, kaliyan fungsi register . Register, wujud register, saha fungsi register kasebat kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

1. Register wonten ing padamelan tiyang ngrumput ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, kabupaten Gunungkidul kapanggihaken 38 register wiwit saking ngasah dumugi sisaning pakan menda kaliyan sapi inggih menika kolek, ungal, arit, cengkong, grenda, kranjang, tali pring, tali senar, cangkang, kethul, tempak, gowang, ngasah, ngolek, nyusruk, mbabad, mecoki, ngegres, suket (alang-alang, klolor, suket gajahan, mbesen, blembem, othok kowok, kalanjana), godhongan (godhong leresedhe, godhong angka, godhong maoni, godhong sengan laut, godhong tela, godhong kalendra, godhong telekan, tebon, godhong gedhang, godhong mlandhing), dijuju, diumpang, dikecuk, dipapak, dipagolke, ara -ara, disaweni, bun, sapangkal, sebongkok, saperes, sajuju, saumpang, digendhong, disunggi, brukki, digandhulke, saha rapen.

2. Wujud register ingkang wonten ing padamelan tiyang ngrumpud ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul, kaperang dados register ingkang awujud tunggal/tembung lingga kados kolek, arit, kranjang, lsp, kaliyan register ingkang awujud kompleks (prefiks, konfiks, afiks, majemuk) kados nyusruk, dijuju, ara-ara, lsp.
3. Fungsi register ingkang wonten ing register tiyang ngrumpud ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupten Gunungkidul adhedhasar tuturan ingkang kapanggihaken rikala observasi, kaliyan wawan rembag inggih menika wonten fungsi informasi, fungsi instrumental, fungsi heuristik/pemecah masalah, saha fungsi personal.

B. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten menika, pramila panaliten menika dipunkajengaken saged nambah seserepan ugi kangge bahan acuan saha pedoman dhumateng para pamaos saha panaliten ing salajengipun ingkang badhe naliti bab register. Dene wonten ing ranah pendidikan dipunkajengaken saged kangge sumber pranatan materi ajar mliginipun bab kawruh basa.

C. Pramayogi

Panaliten menika namung winates naliti bab register tiyang ngrumpud ing Dhusun Ngangkruk, Desa Pilangrejo, Kecamatan Nglipar, Kabupaten Gunungkidul. Salajengipun saged dipuntindakaken panaliten bab register boten namung ingkang gayut kaliyan padamelan tiyang ngrumpud, kadosta register piranti masak wonten ing dhaerah tartamtu. Subjek kajiannipun saged ugi boten

namung winates wujud kaliyan fungsi register, saged sanesipun kadosta tegesipun register, lsp. Asiling panaliten menika ugi dipunkajengaken saged kangge tetandhingan utawi referensi kangge panaliti sanes ingkang panalitenipun sejinis ananging ngginakaken cara ingkang beda.

KAPUSTAKAN

A. Buku

- Alwasilah, A. Chaedar. 1993. Pengantar Sosiologi Bahasa . Bandung: Angkasa.
- Aslinda. 2007. Pengantar Sociolinguistik. Bandung: PT Rineka Aditama.
- A.Chaer&Agustina.2010.Sociolinguistik Perkenalan Awal. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- A.Chaer&Agustina.2004.Sociolinguistik Perkenalan Awal. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- A.Chaer&Agustina. 1995. Sociolinguistik Suatu Pengantar . Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Depdikbud. 1995. Sociolinguistik. Jakarta: Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.
- Ghony&Almanshur. 2012. Metodologi Penelitian Kualitatif. Yogyakarta: Ar Ruzz Media.
- Listyorini, Arin. 2002. Bahasa dan Sastra Indonesia Menuju Peran Transformasi Sosial Budaya Abad XXI. Yogyakarta: Gama Media
- M.A.K. Halliday & Hasan.1994. Bahasa, Konteks, dan Teks: Aspek-aspek bahasa dalam pandangan semiotik sosial. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Mulyana. 2005. Kajian Wacana Teori, Metode&Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana . Yogyakarta: Tiara Wacana.
- P.W.J.Nababan. 1984. Sociolinguistik Suatu Pengantar . Jakarta: PT Gramedia.
- Pateda, Mansoer. 2015. Sociolinguistik. Bandung: CV Angkasa. PELLBA 2
- Rahardi, Kunjana. 2015. Kajian Sociolinguistik Ihwal Kode dan Alih Kode. Bogor: Ghalia Indonesia.
- Rohmadi, Muhammad. 2010. Pragmatik Teori dan Analisis.Surakarta: Yumna Pustaka.
- Sarwono. Jonathan. 2006. Metode Penelitian Kuantitatif&Kualitatif. Yogyakarta: Graha Ilmu.

- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu.2001.Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa . Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. 1986. Metode Linguistik Bagian Pertama ke Arah Memahami Metode Linguistik. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sudaryanto. 1988. Metode Linguistik bagian kedua Metode dan Aneka Teknik Pengumpusaha Data. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sudaryanto. 1990. Aneka Konsep Kedataan Lingual Dalam Linguistik. Yogyakarta: Duta University Press.
- Sugiyono. 2013. Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D. Bandung: Alfabeta.
- Sumarsono. 2008. Sociolinguistik. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suryabrata.S. 2012. Metodologi Penelitian. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Suwito. 1982. Sociolinguistik Teori dan Problema . Surakarta: Henary Offset.
- Thomas & Wareing.2007.Bahasa, Masyarakat & Kekuasaan. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

B. Jurnal

- Rosmawaty, 2011. “Kajian Linguistik Sistemik Fungsional Pada Cerita Terjemahan Fiksi Halilian”. LITERA, vol 10, no 1, hlm.78.

LAMPIRAN

Tabel Analisis Data

No	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Pe r	Heu	Im j	Inf	
				Af	Ul							
A. Piranti Ngrumput												
1.	“nggawa kolek ora yu? Aritku wis ora empan”	Tuturan menika dipun tuturaken rikala tanggal 21 Februari 2018, jam 14.00 wonten ing alas ingkang sepi, 2 ibu-ibu inggih menika Ibu Payem kaliyan Ibu Jumi nembe ngrumput sinambi pawicantenan. Ibu Jumi badhe ngampil kolek kaliyan Ibu Payem. Pramila, kanthi suanten ingkang radi seru Ibu Jumi nyuwun pirsu dhateng Ibu Payem mbekta kolek menapa boten.	✓								✓	Wujud: tembung tunggal, amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit. Fungsi: Informasi. Tuturan kasebat sejatosipun ngewrat informasi bilih arit ingkang sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput nalika ngrumput saged dipunlandhepaken mawi kolek.
2.	“cengkrong ki rada blegendhuk, nek arit ki bedane kandel, nek	Tuturan menika dipun tuturaken Ibu Sinem minangka	✓								✓	Wujud: tembung tunggal amargi boten saged kaperang dados satuan

Tabel Salajengipun

No	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan	
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf		
				Af	UI								Mj
	cengkronk kui sik disah sisih thok”	narasumber bab register tiyang ngrumput. rikala tanggal 21 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten ing griyanipun Ibu Sinem ing kang sepi. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian mingka pewawan rembag bab register tiyang ngrumput. kanthi tinarbuka ugi semangat Ibu Sinem ngandharaken bedanipun cengkronk kaliyan arit.											ing kang langkung alit malih. Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih cengkronk menika wujudipun radi blengkuk saha tipis, ing kang dipunsa namung sisih wingking kemawon.
3.	“ngasahe sepalih nek cengkronk, nek diwolak-walik nek ngasah”	Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem minangka narasumber wawan rembag bab register ngrumput, dipuntuturaken rikala	✓								✓	Wujud: Tembung tunggal, amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ing kang langkung alit.	

Tabel Salajengipun

No	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Pe r	Heu	Im j	Inf	
				Af	Ul							
		tanggal 25 Februari 2018 jam 20.00 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi. Tuturan menika dipunandharaken dhateng Dian minangka pewawan rembag. Kanthi tinarbuka kaliyan ukara ingkang cetha Ibu Payem ngandharaken bab caranipun nglandhepaken cengkong kaliyan arit.										Fungsi: informasi. Saking tuturan menika saged dipunmangertosi caranipun nglandhepaken arit inggih menika saged dipunasah wolak walik, boten namung sisih wingking kemawon ananging sisih ngajeng dumugi tenggokipun ugi saged.
4.	“bambu diirat, dinam, disukani blengker dados kranjang”	Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 25 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten ing griyanipun Ibu Payem ingkang sepi. Tuturan	✓								✓	Wujud: tembung tunggal, amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih kranjang menika kadamel saking bambu ingkang

Tabel Salajengipun

No	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Pe r	Heu	Im j	Inf	
				Af	Ul							
		menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rebag. Kanthi tinarbuka, ugi runtut Ibu Payem ngandharaken caranipun damel kranjang.										Dipunirat lajeng dipunnam, punsukani blengker ngandhap kaliyan nginggilipun.
5.	“grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungal rak gae dhewe seka watu”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 2 maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput, kanthi tinarbuka Ibu Nita ngandharake bedanipun grenda kaliyan ungal.	✓								✓	Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Fungsi: informasi. Saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih ungal menika saged pados piyambak saha ungal menika kadamel saking sela.

Tabel Salajengipun

No	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Pe r	Heu	Im j	Inf	
				Af	Ul							
6.	“ grenda rak kasar, seka pabrik, lha gek nek ungal rak gae dhewe seka watu ”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 2 maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput, kanthi tinarbuka Ibu Nita ngandharake bedanipun grenda kaliyan ungal.	✓								✓	Wujud: tembung tunggal amargi boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Fungsi: Informasi. Saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih grenda menika kasar saha damelanipun pabrik.
7.	“ tali senar ki wujud dhadhung, lajeng ujunge nika dinggekki wesi ”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 2 maret 2018			✓						✓	Wujud: tembung camboran, inggih menika saking tembung tali+senar+ tali senar.

Tabel Salajengipun

No	Data	Kompleks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Pe r	Heu	Im j	Inf	
				Af	Ul							
		wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian mningka pewawan rembag register tiyang ngrumput.										Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih tali senar menika awujud dhadhung ingkang pucukipun dipunsukani wesi utawi ingkang dipunsebat kolongan.
8.	“tali pring ki pring ditegor, disigar cilik-cilik gek diirati dadi loro- loro”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 02 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan register tiyang ngrumput.			✓						✓	Wujud: tembung camboran inggih emnika saking tembung tali+pring= tali pring. Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi biih tali pring menika kadamel saking pring ingkang dipunsigar lajeng dipunirati pun perang dados kalih-kalih.

Tabel Salajengipun

No	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan	
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf		
				Af	UI								Mj
9.	“njilih cangkrangmu yem tak nggone ngeruk lethong”	Tuturan menika dening Ibu Sinem wonten ing griyanipun Ibu Payem rikala tanggal 27 April 2018.	✓									✓	<p>Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged dipunperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bili cangkrang menika dipunginakaken kangge ngeruk lethong.</p>
B. Kahanan Piranti Ngrumpit													
1.	“aritku gur tempak, dinggo ngegres simbok terus iki mesthi”	Tuturan menika Ibu Payem rikala tanggal 27 Februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken rikala Ibu Payem badhe ngasah aritipun.	✓					✓				✓	<p>Wujud: tembung tunggal amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih.</p> <p>Fungsi: personal kaliyan informasi, amargi tuturan menika andharanipun Ibu Payem ingkang criyos bilih aritipun tempak amargi dipunginakaken</p>

Tabel Salajengipun

No	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Pe r	Heu	Im j	Inf	
				Af	UI							
												ngegres dening simbokipun, Ibu Payem ugi katon jengkel amargi aripun tempak. Tuturan menika ugi kalebet fungsi informasi, saking tuturan menika sajatosipun ngewrat informasi bilih arit ingkang tempak menika kedah dipunasah amargi boten empan dipunginakaken kangge ngrumput.
2.	“arit agi dinggo sedhilit we wis kethul ngasi blag-blug blag-blug ra entuk-entuk”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sainah rikala tanggal 28 Februari 2018 wonten ing alas. Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sainah rikala piyambakipun nembe ngrumput.	✓					✓			✓	Wujud: tembung tunggal amargi boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit. Fungsi: personal kaliyan informasi, amargi tuturan menika raosipun Ibu Sainah ingkang jengkel amargi aripun gampang

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf	
				Af	UI							
												kethul, ugi kalebet fungsi informasi amargi tuturan menika ngewrat informasi bilih arit ingkang sampun kethul menika sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput, pramila namung blag-blug swantenipun.
3.	“gowang niku rompal, disah dhisik ben ra grathul-grathul”	Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Nita minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 02 Maret 2018 wonten ing griyanipun Ibu Nita. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.	✓								✓	Wujud: tembung tunggal, amargi sampun boten kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Fungsi: Informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih gowang menika cuwil wonten ingperangan landheping arit.

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan	
			Tg	Kp			Ins	Int	Per	Heu	Imj		Inf
				Af	UI	Mj							
C. Cara Nglandhepaken Piranti Ngrumput													
1.	“kosik entenana dhilit agi ngasah”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem ingkang dipunambali dening Ibu Nita saking griyanipun. Griyanipun Ibu Payem kaliyan Ibu Nita menika namung celak. Tuturan menika dipuntuturaken rikala tanggal 1 maret 2018, wonten ing griyanipun Ibu Payem.		✓			✓						Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara ng+asah=ngasah Fungsi: instrumental, saking tuturan menika panutur gadhah ancas supados mitra tuturipun nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken dening panutur inggih menika supados nengga anggenipun tindak ngrumput amargi taksih ngasah.
2.	“tak ngolek sik wis ra empan aritku”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Nita dhateng ibu Jumi kaliyan Ibu Payem rikala tanggal 22 Februari 2018		✓			✓					✓	Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara ng+kolek=ngolek

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan	
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf		
				Af	UI								Mj
		jam 08.15 wonten ing alas. Tuturan menika dipuntuturaken awit Ibu Payem nedahaken rumput dhateng Ibu Nita kaliyan Ibu Jumi ananging Ibu aritipun ibu Nita sampun boten empan, pramila piyambakipun ngolek rumiyin.											Fungsi: instrumental saha informasi, amargi tuturan kasebat gadhah ancas supados mitra tutur nindakaken menapa ingkang dipunkajengaken dening panatur, inggih menika supados nengga aggenipun nglajengaken ngrumput, amargi taksih ngolek, saha tuturan menika ngewrat informasi bilih arit ingkang sampun boten empan dipunginakaken kangge ngrumput nalika ngrumput taksih katindakaken pramila dipunlandhepaken mawi kolek utawi ingkang dipunsebat ngolek.

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan	
			Tg	Kp			Ins	Int	Per	Heu	Imj		Inf
				Af	UI	Mj							
D. Caranipun Ngrumput													
1.	“nek nyusruk kae nek ketiga akeh-akehe nyusruk, nek rendheng ora”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sinem minangka narasumber register tiyang ngrumput rikala tanggal 21 februari 2018 wonten ing griyanipun Ibu Sinem. Tuturan meika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.		✓							✓	Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara ny+susruk=nyusruk. Fungsi: Informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih Nyusruk menika asring katindakaken ing mangsa ketiga amargi sitinipun boten teles.	
2.	“sapa sik mbabad suket ngasi resik iki ki?”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Jumi wonten ing alas rikala tanggal 28 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Jumi rikala badhe tindak ngrumput kaliyan Ibu Payem.		✓							✓	Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara m+babad=mbabad Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggaling cara	

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf	
				Af	UI							
												ngrumput suket inggih menika mbabad.
3.	“aku mung mecoki godhong telekan dinggo pakan wedhus”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Sainah wonten ing alas rikala tanggal 27 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Ibu Narinem minangka kancanipun ngrumput. Ibu Sainah kaliyan Ibu Narinem menika nembe ngaso saking ngrumput wonten ing plataran ingkang edhum.		✓					✓			<p>Wujud: tembung kompleks konfiks m+pecok+i=mecoki</p> <p>Fungsi: personal saha informasi, amargi tuturan menika nyariosaken pribadinipun Ibu Sainah ingkang namung mecoki godhong telekan kangg pakan menda. Tuturan menika ugi kalebet fungsi informasi amargi jinis godhong-godhongan kados godhong telekan menika caranipun ngrumput inggih menika dipecok.</p>
4.	“aritku gur tampak, dinggo ngegres simbok terus iki mesthi”	Tuturan menika dipuntuturaken Ibu Payem rikala tanggal 27 Februari 2018 wonten		✓							✓	<p>Wujud: tembung kompleks prefiks hanuswara ng+gres=ngegres</p>

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan	
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf		
				Af	UI								Mj
		Ing griyanipun Ibu Payem. Tuturan menika dipuntuturaken rikala Ibu Payem badhe ngasah aritipun.											Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih salah satunggaling cara ngrumput menika ngegres, saha arit ingkang dipunginakaken kangge ngegresterus gampil tempak.
E. Jinising Rumput													
1.	“ngertia aku mau ngarit suket, ning rung duwe godhongan nggo pakan wedhus”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem wonten ing alas rikala tangga 28 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken rikala piyambakipun badhe pados pakan kangge mendanipun, ananging rikala tindak piyambakipun mirsani rumput ingkang lemu-lemu.	✓									✓	Wujud: tembung tunggal, amargi sampun boten saged kaperang dados satuan ingkang langkung alit malih. Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika kangge pakan sapi, ananging godhongan menika kangge pakan menda.

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf	
				Af	UI							
												Nama-nama suket ingkang asring dipunrit: 8. Alang-alang 9. Klolor 10. Suket gajahan 11. Mbesen 12. Blembem 13. Othok kowok 14. Kalanjana
2.	<p>“ngertia aku mau ngarit suket, ning rung duwe godhongan nggo pakan wedhus”</p>	<p>Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem wonten ing alas rikala tangga 28 April 2018. Tuturan menika dipuntuturaken rikala piyambakipun badhe pados pakan kangge mendanipun, ananging rikala tindak piyambakipun mirsani rumput ingkang lemu-lemu.</p>		✓							✓	<p>Wujud: tembung kompleks sufiks godhong+an=godhongan</p> <p>Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih rumput menika kangge pakan sapi, dene godhongan kangge pakan menda.</p> <p>Nama-nama godhongan ingkang asring dipunrit: 11. Leresedhe 12. Nangka</p>

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
			Tg	Kp		Ins	Int	Per	Heu	Imj	Inf	
				Af	UI							
												13. Maoni 14. Sengon 15. Godhong tela 16. Kalendra 17. Godhong Telekan 18. Tebon 19. Godhong Gedhang 20. Godong Mlanding
F. Caranipun Nata Rumput												
1.	“sukete nek dijuju niku disukakke teng kranjang, terus dinet ngangge arit”	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal 25 Februari 2018 kirang langkung jam 20.00 wonten inggriyanipun IbuPayem. Tuturan menika dipuntuturaken dhateng Dian minangka pewawan rembag register tiyang ngrumput.		✓							✓	Wujud: temung kompleks prefik di+juju= dijuju Fungsi: informasi, saking tuturan menika saged dipunmangertosi bilih dijuju inggih menika caranipun nglebetaken rumput wonten ing kranjang ngginakaken arit.
2.	“diumpang niku mengkih nginggile nggen jujon wau disukani pangkulan	Tuturan menika dipuntuturaken dening Ibu Payem rikala tanggal										Wujud: tembung kompleks prefiks di+umpang= diumpang

Tabel Salajengipun

No.	Data	Konteks	Wujud			Fungsi						Katrangan
